Путин В. В. Къэрал Советым и зэІущІэ ухуэныгъэмкІэ ІэнатІэм зегъэужьынымрэ къалэхэр ухуэнымкІэ лэжьыгъэр егъэфІэкІуэнымрэ теухуауэ иригъэкІуэкІащ. Абы хэтащ КІуэкІуэ Ю. А.

Дыгъуасэ Урысей Федерацэм и Президент Путин Владимир Къэрал Советым и зэІущІэу Кремлым щриІэкІуэкІар теухуауэ щытащ «УхуэныгъэмкІэ ІэнатІэм зегъэужьынымрэ къалэхэр ухуэнымкІэ лэжьыгъэр егъэфІэкІуэнымрэ». Абы хэтащ КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Юрий.

ЗИ ПСЭУПІЭР езыгъэфІэкІуэн хуей цІыхухэр, ятпэхэми хуэдэу, куэд мэхъу, къинэлъэгъуащ къэралым и унафэщІым, икІи абыхэм я Іуэхур дэкІын папщІэ рынкоым и Іэмалхэр, ипотекэ кредитри хэту, къэгъэсэбэпын хуейщ. А Іэмалым къагъэсэбэпу зэрыхуежьарц иужьрей илъэситхум кьриубыдэу псэупІэу яухуэр процент 60-кІэ, псэупІэ унэ нэхъ езэгъыбарбгъуу хьэзыр ящІэхэр процент 90-кІэ нэхъыбэ щІэхьуар.

ГупЫытэ хэха хуащІащ ухуэныгъэм и ІэнатІэм уасэхэр зэрыщагъэувым, а ІэнатІэм щыІэ зэхущытыкІэхэр егъэфІэкІуэным, ухуэныгъэм пыщІа Іуэхущ Іапіэхэр Іуэхукіэ зэрызэпеуэм зегъэужьыным, корупцэм нэхъ ткІийуэ пэщІэтыным, энергиер къыдэзыгъахуэ иджырей технологиехэр нэхъ жыджэру къэгъэсэбэпыным. Апхуэдэу ныкъалъхьащ псэупІэхэр щаухуэн папщІэ щІапІэхэр цІыхухэм зэрыхухах хабзэхэр ягъэтэмэмыну, зэкІэ яхунэмыгъэсауэ кьанэ ухуэныгъэхэр щІапщытыкІыну, ахэр нэгъэсыжьыным кьагъэсэбэп мылькым хэгъэхьэныкІэ хабзэ пыухыкІэхэр къащтэну, къэралымрэ хьарычтыщІэхэмрэ я зэдэлэжьэныгъэм зрагъэубгъуну. Апхуэдэ кьалэнхэр хуагъэуващ властым и федеральнэ органхэми щыІналъэ органхэми.

2016 гъэм кьриубыдэу Къэбэрдей-Балъкъэрым псэупІэу метр зэбгъуэнатІэ мин 27,4-рэ хьэзыр щащІащ, ар нэгъабэ и апхуэдэ зэманым ельытауэ процентыр 121,3-рэ мэхъу. Псори зэхэту лэжьыгъэу сом зы мелардрэ мелуани 100-рэ и уасэ (2015 гъэм и апхуэдэ ІэхъэнэкІэм ельытауэ процент 102,1-рэ) зэфІагъэкІащ. 2015 гъэм псори зэхэту метр зэбгъуэнатІэ мин 46,7-кІэ (процент 14,2-кІэ) нэхъыбэщ. Кьуажжэкъм псэупІэу метр зэбгъуэнатІэ мин 89,2-рэ хьэзыр щащІащ. «Ухуэныгъэ» Іуэхум пыщІауэ 2015 гъэм лэжьыгъэу сом мелард 11,9-рэ ирагъэкІуэкІащ, ар 2014 гъэм ельытауэ процентыр 108,2-рэ мэхъу.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ Іапіэ.

Егоровэ Татьянэ хэтынущ ЦІыхубзхэм я дунейпсо советым Европэм щыІэ и центрым и Ассамблее Нэхъыщхьэм

2016 гъэм накъыгъэм и 18-22-хэм Москва щекІуэкІынущ цІыхубзхэм я зэгухьэныгъэ нэхъ ин дыдэм - ЦІыхубзхэм я дунейпсо советым Европэм щыІэ и центрым и Ассамблее Нэхъыщхьэр. Ар кьыхьэрегъэпэщ Урысейм и ЦІыхубзхэм я союзым, ЦІыхубзхэм я дунейпсо советым 1997 гъэ лъандэрэ хэтым.

МОСКВА щыІэзхуэсынущ Европэмрэ Азиемрэ щыщ къэрал 35-м я лІыкІуэхэр. Абыхэм я семинарыр теухуауэ щытынущ цІыхубзхэр езыхэм я къэралхэм я экономикэ, политикэ гъащІэм зэрыхэтыр егъэфІэкІуэным.

ЗэІущІэм и кьыхьэгъэпэщакІуэхэм зэрырагъэблагъам тету абы кІуэнущ КъБР-м и Парламентым и Унафэщі Егоровэ Татьянэ. Ассамблее Нэхъыщхьэм абы доклад щищынущ Кавказ Ищхьэрэм, хэхауэ кьапщтэмэ, КъБР-м я цІыхубзхэр жылагъуэ, политикэ гъащІэм зэрыхэтым теухуауэ. Кьэпсэлъэныгъэм щІигъуу республикэм и ехъулІэныгъэхэм щыгъуазэ узыщІ видеофильм ягъэлъэгъуэну я мурадщ.

КъБР-м и Парламентым и пресс-Іуэхущ Іапіэ.

ЦІыхур псэун папщІэ нэхъ мащІэ дыдэу зыхуей ахъшэм хагъэхъуэ

Цыхур Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэун папщІэ нэхъ мащІэ дыдэу зыхуей ахъшэр 2016 гъэм и яп кварталым сом 10609-рэ хъууэ ягъэуващ, 2015 гъэм и епІанэ кварталым ельытауэ ар процент 13,2-кІэ нэхъыбэщ. Апхуэдэу Правительствэм и зэІущІэм щыжиІащ КъБР-м лэжьыгъэмкІэ, цІыхухэр ІэнатІэкІэ кьыхьэгъэпэщынымкІэ, социальнэ дэІэпыкъуныгъэмкІэ и министр Тюбеев Альберт.

СОЦИАЛЬНО-демографие гуп нэхъыщхьэхэм ятещІыхьауэ хэпащтэмэ, цІыхур псэун папщІэ нэхъ мащІэ дыдэу зыхуей ахъшэр лэжьэгъуэ ныбжьым итхэм яхуэгъэзауэ сом 10942-рэ (процентэ 10,8-кІэ нэхъыбэ), пенсионерхэм - сом 8192-рэ (процентэ 9,8-кІэ нэхъыбэ), сабийхэм - сом 11711-рэ (процент 24,3-кІэ нэхъыбэ) мэхъу.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ Іапіэ.

ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№92 (23.250) • 2016 гъэм накъыгъэм (майм) и 18, бэрэжьей • Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ • И уасэр зы тумэнщ • adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Накъыгъэм и 16-м КъБР-м и Іэтащхьэм и Администрацэм и Унафэщі Къуэдзокъуэ Мухьэмэд иригъэкІуэкІащ Урыс-Кавказ зауэр зэриухрэ илъэси 152-рэ зэрырикъумкІэ КъызэгъэпэщакІуэ гупым хэтхэм я зи чэзу зэІущІэ.

НАКЪЫГЪЭМ и 20 - 21 махуэхэм Налшык къалэ щекІуэкІыну Іуэхугъуэхэр зэкІэлъыхьауэ зэрыщытынум, абы хэтынухэм, шынагъуэншагъэр къыззэрызэрагъэпэщынум теухуауэ зэІущІэм къыщыпсэлъащ КъБР-м и Правительствэм и Унафэщім и къуэдзэ **Битокъуэ Владимир**, КъБР-м и Іэтащхьэм и Администрацэм ЩІыналъэ политикэмкІэ и управленэм и унафэщІ **Къуэжей Артём**, КъБР-м террористскэмрэ экстремизмэмрэ пэщІэтынымкІэ и министр **Къуэшрокъуэ Залым**, КъБР-м Граждан жылагъуэ Іуэхущ Іапіэхэм ядэлэжьэнымрэ лъэпкъ ІуэхуэхмкІэ и управленэм и унафэщІ **КІуэрашын Анзор**, КъБР-м щыІэ МВД-м и къудамэм и унафэщІ, полковник **Джаппуев Юрий**, Дунейпсо, Къэбэрдей Адыгэ Хасэхэм я тхьэмадэхэу **Сэхъурокъуэ Хьэутийрэ ХьэфІыцІэ Мухьэмэдрэ**.

КъызэгъэпэщакІуэ гупым хэтхэр аррэзы техъуащ ЩыгъуэгъуІэщІэм махуэр зэрекІуэкІыну программэм. Абы щыгъуазэ фыхудощІ:

Накъыгъэм и 20-м сыхьэтй 19-м Псэ жыгым деж Адыгэ уэрэдыжьхэм я пшыхь щекІуэкІынущ. Сыхьэти 21-м ирихьэлІэу абдеж щыщІагъэнэнущ шэху уэздыгъэхэр.

Накъыгъэм и 21-м сыхьэти 9.30-10.00-м Налшык къалэ дэт Гъущі гъуэгу вокзалым деж цІыхухэр щызэхуэсынущ. СыхьэтипщІым абдеж къыІукІынурэ Лениным и уэрамым (Лениным - Балъкъэрым - Щоджэнцыкіум - КІыщокъэшм я уэрамхэм) цІыхубзр ирикІуэнущ. Псэ жыгым деж нэса нэужь, **сыхьэт 11.40-м пэкІум щІидзэнущ**.

Шу гупыр **сыхьэти 9-м** Ипподромым и гупэ утым деж щызэхуэсынурэ Псэ жыгым екІуэлІэнущ. (Абыхэм я гъэгур: Мэлбахьэум - Осетинскэм - Лениным - Балъкъэрым - Щоджэнцыкіум - КІыщокъэшм я уэрамхэрщ).

А махуэм **сыхьэт 13-м** Лъэпкъ музейм къыщызэІуахынщ абы и фондым къыхаха экспонатхэм я гъэлъэгъуэныгъэ. Апхуэдэуи Сэралъп Мадинэ и арт-унэм выставкэ дахэ къыщызэригъэпэщынущ, Къэрал концерт гъэлъэгъуапІэм фильмхэр щекІуэкІынущ.

Мы махуэхэм ирохьэлІэ Дунейпсо Адыгэ Хасэр къызэрызэрагъэпэщрэ ильэс 25-рэ зэрырикъур. Накъыгъэм и 19-м къыдэкІыну «Адыгэ псалъэ» газетыр техуауэ щытынущ ДАХ-м къикІуа гъэзэгуанэм, зригъэхъулІа Іуэхугъуэхэм, дапэкІэ къыпэщылъ кьалэнхэм. Накъыгъэм и 21-м къыдэкІынущ ЩыгъуэгъуІэщІэ махуэм техуа тхыгъэхэр щызэхуэхьэса «Адыгэ псалъэ», «Адыгэ макъ» (Мейкъуапэ), «Черкес хэку» (Черкесск) газетхэм я къыдэкІыгъуэ зэхэтхэр.

КЪЭБАРТ Мирэ.

● Лъэпкъ Іуэху

Щыгъуэ-щІэж махуэм зыхуагъэхьэзыр

Сабийхэм я гъэмахуэ зыгъэпсэхугъуэм зыхуагъэхьэзыр

КъБР-м Лэжьыгъэмкіэ, цІыхухэр ІэнатІэкІэ кьыззгъэпэщынымрэ социальнэу дэІэпыкъуныкІэ и министерствэм щекІуэкІащ КъБР-м и Правительствэм 2016 гъэм сабийхэм я зыгъэпсэхугъуэр кьыззгъэпэщынымкІэ, я узыншагъэр егъэфІэкІуэнымкІэ щыІэ комиссэм и зэІущІэ. Ар иригъэкІуэкІащ КъБР-м и Правительствэм и Унафэщім и япэ къуэдзэ Дадэ МуІэед.

КъБР-м Лэжьыгъэмкіэ, цІыхухэр ІэнатІэкІэ кьыззгъэпэщынымрэ социальнэу дэІэпыкъуныкІэ и министр Тюбеев Альберт кьыхигъэщащ республикэм узыншагъэр щрагъэфІакІуэ, зыщагъэпсэху и Іуэхущ Іапіэ посми зэхэту мы гъэм щІыналъэм и сабий мин 15 зэрырагъэблагъэнур. Абыхэм ящыщу сабий мини 7-рэ 500-р щытыкІэ гугъу ихуахэм ящыщщ.

Комиссэм хэтхэр тепсэлъыхьащ Къэбэрдей-Балъкъэрым ис сабийхэм я узыншагъэр егъэфІэкІуэным теухуа Іуэхухэр 2016 гъэм и гъэмахуэ зыгъэпсэхугъуэм ирихьэлІэу кьыззгъэпэщынымкІэ зэрызыхуагъэхьэзырым. Къищынэмыщ Іауэ, яубзыхуащ КъБР-м и Правительствэм Сабийхэм я зыгъэпсэхугъуэр кьыззгъэпэщынымкІэ, я узыншагъэр егъэфІэкІуэнымкІэ и комиссэм и лэжьыгъэр зыхуэдэнур. Апхуэдэу зэрагъэуІуащ узыншагъэр щрагъэфІакІуэ Іуэхущ Іапіэхэр 2016 гъэм и гъэмахуэ зыгъэпсэхугъуэм зэрыхуэхьэзырыр кьэзыпщытэну лэжьакІуэ гупхэр.

ЗэІущІэм хэтащ КъБР-м Узыншагъэр хьумэнымкІэ и министрым и къуэдзэ **Асанов Алим**, УФ-м и МВД-м и щІыналъэ къудамэм полицэм и участковэ уполномоченнэхэм я лэжьыгъэр кьыззгъэпэщынымкІэ, балигъ мыхъуахэм я Іуэхуэхмкіэ и къудамэм и унафэщІым и къалэнхэр зыгъэзащІэ **Арэмысэ Аслъэн**, щэхуакІуэхэм я хуитыныгъэр кьызэпымыдуным кІэльыплъэныкІэ щыІэ Федеральнэ кьулыкъущІапІэм и управленэу КъБР-м щыІэм и унафэщІ **Пагуэ Жыраслъэн**, УФ-м Граждан зыхъумэжьныгъэ Іуэхуэхмкіэ, кьэхъукьащІэхэмкІэ, абыхэм я лъэужьыр гъэкІуэдыжьныкІэ и министерствэм и управленэ нэхъыщхьэм ди щІыналъэм щиІэ къудамэм и унафэщІым и къуэдзэ **ГъукІакъуэ Залым** сымэ, нэгъуэщІхэри.

Сабийхэм я узыншагъэр егъэфІэкІуэныкІэ жэуап зыхь республикэм и министерствэхэмрэ ведомствэхэмрэ кьалэнхэр щащІащ зыгъэпсэхупІэхэм шынагъуэншагъэр кьыщызэрагъэпэщыну, псом хуэмыдэу щэнхабзэ зэхьыхьэхэмрэ спорт зэхьэзэхуэхэмрэ зэрырагъэкІуэкІынур щаубзыхукІэ шынагъуэншагъэм гулъытэ нэхъыбэ хуащІыну.

ТЕКІУЖЬ Заретэ.

Нэхъыбэ ящэхунущ

УФ-м къыщагъэкІа гуэдзу Китайм ищэхур нэхъыбэ ищІыну и мурадщ а къэралым. Абы теухуа зэгурыІуэныгъэхэр зэращІылІэ.

Дуней псом щынэхъ ин дыдэхэм ящыщ «Кофко» корпорацэм Урысейм и гъавэгъэкІхэм я деж гуэдзу тонн мелуан 1 - 2 ирокъ къэс щищэхунущ. КІуэтэхукІэ а бжыгъэм хэхъуэурэ, гуэдзу Китайм ирагъашэр тонн мелуани 4 - 5-м нагъэсыну я гугъэщ.

А бжыгъэр зэлъытауэ щытынур уасэмрэ фІагъымрэ зэрызэхущытырщ. Компанием и унафэщІхэм зэрыжаІэмкІэ, иджыпстукІэ ахэр икъукІэ арэзы тохъуэ Урысейм ираш гъавэм и фІагъым. Гуэдзым и уасэмкІэ дяпэкІи зэрызэгурыІуэнуми шэч кьытрахьэркъым.

Щхьэщатыкіыр егъэмащІэ

ЦІыхухэм щІыхуэ щариткІэ «Сбербанк»-м трилъхьэ процентыр игъэмэщІащ накъыгъэм и 16-м къыщыщІэдзауэ.

«КъыІаха щІыхуэм щхьэщатыкІыр хэпщІыкІыу нэхъ мащІэ тщІащ икІи кризисым щІидзэн и пэ кьихуэу зэрыщытам, нэгъуэщІу жыпІэмэ 2014 -2015 гъэхэм, хуэдиз хьужу аращ. ЩІыпІэр зэрытыжьыфынумкІэ щыхьэт зиІэм ахъшэр ират ильэсым процент 14,9-м кьыщыщІэдзауэ процент 22,9-рэ фІэкІа темыхуэу. А бжыгъэхэр ильэсым хуэзэу процент 15,9-рэ, 23,9-рэ хъуэу щытащ», - жиІащ «Сбербанк»-м щыхуэхэм ятещІа и департаментым и унафэщІ Алымовэ Наталье.

Іуэхущ Іапіэм кьыщыхагъэщащ цІыхухэм банкым щыхуэу Іахым хэхъуэжу зэрыхуежьар. «Псалъэм папщІэ, 2016 гъэм и яп мазищым цІыхухэм зыхуейзыхуэфІхэм къыхуагъэсэбэпыну щІыхуэу сом мелари 156-рэ ириташ. Ар хуэдизкІэ нэхъыбэщ нэгъабэ и апхуэдэ зэманым ирихьэлІэу Іахам нэхърэ», - къыхигъэщащ Алымовэм.

НОБЭ

♦Музейхэм я дунейпсо махуэщ. Музейхэм я дунейпсо советым и конференцэм 1977 гъэм къыщащта унафэм ипкъ иткІэ ягъэлъапІэ.

♦УФ-м и Балтим флотым и махуэщ

♦1642 гъэм франджыхэм Монреаль (Канада) щІыпІэр псэупІэ ящІауэ, къалэм и лъабжьэри ягъэтІылъауэ щытащ.

♦1764 гъэм Петербург къыщызэІуахащ Урысейм и япэ цІыхубз еджапІэ (Смольнэ институтыр).

♦1780 гъэм пащтыхыгъуэр зыІэщІэлъ Екатеринэ ЕтІуанэм Санкт-Петербург къалэм и гербым теухуа унафэм Іэ щидзащ.

♦1925 гъэм Адыгэ Республикэм и лъэпкъ музейр къызэІуахащ.

♦Усакіуэ цІэрыІуэ, астроном, философ **Хайям Омар** къызэралъхурэ ильэс 968-рэ ирокъу.

♦Урысейм и иужьрей пащтыхь, къэрал унафэр ильэс 23-кІэ зыІэщІэлъа, Романовхэ ящыщ **Николай ЕтІуанэр** къызэралъхурэ ильэси 148-рэ ирокъу.

♦УэрэджыІакІуэ, Урысейм и цІыхубз артисткэ **Баяновэ Аллэ** (и унэцІэ дыдэр Левицкэщ) къызэралъхурэ ильэси 102-рэ ирокъу.

♦Физико-математикэ щІэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор, УФ-ми КъБР-ми щІэныгъэхэмкІэ щІыхь зиІэ я лэжьакІуэ **ХъуэкІуэн Хьэзрэталий** и ныбжьыр ильэс 84-рэ ирокъу.

♦Мэкъумэш щІэныгъэхэм я кандидат, КъБКъМУ-м и профессор, ЩДДА-м и академик, КъБР-м щІыхь зиІэ и агроном **ХъэщІэлІ Руслан** и ныбжьыр ильэс 76-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэриІыкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 20 - 21-рэ, жэщым градус 12 - 15 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар **ЖЬЭКІЭМЫХЬУ Маринэщ.**

Лъэпкъ Іущыгъэ:

Бинжь умыгъэблагъи, уи адэ и благъэжь умыбгынэ.

● Пэкіуэр

Къармэфиблхэр тенджызым хадзэ

Накъыгъэм и 14-м Тыркум и Кефкен щІыналъэм щыщ Коджаели къалэм щекІуэкІащ Урыс-Кавказ зауэр зэрыухрэ илъэси 152-рэ зэрырикъум теухуа щыгъуэ пэкІу ин. Ар къызэригъэпэщащ Тыркум щыІэ Кавказ хасэхэм я федерацэм (КАФФЕД).

НОБЭР къыздэсым дигу хэзыгъэщІ гуауэр, къыткІэльызэрахьа залымыгъэр, къыдащІылІа лъапсэрыхьр гущІэгъуэ гулъытэрэ зиІэ нэгъуэщІ лъэпкъхэм, къэралхэм, дуней псом щедгъащІэ махуэм - накъыгъэм и 21-м - ирагъэхьэлІа зэхуэсышхуэм хэтащ Анкара, Кьайсэр, Истамбыл, Измир, Кахраман-Мараш, Самсун, Мерсин, нэгъуэщІ кьалэхэм щыщ ди лъэпкъэгъуэхэр. Джаур зауэжьым хэкІуэдахэр ягу кьажэкІыжьыж, абыхэм я феепльым щІыхь хуащІын папщІэ Коджаели щызэхуэсат цІыху мин 20-м нэблагъэ. Лъапсэрых зауэм и гуауэр зыхэзыщІэ дэтхэнэ зы адыгэри, ди лъэпкъэгъуэхэм я ныбжьэгъуэхэри щызэхьхьащ абы, километрищэ бжыгъэхэр къызэпачри.

Пэкіум ящІэ къыщыпсэлъащ КАФФЕД-м и тхьэмадэ Хьэгъундокъуэ Ящар. Абы щыжиІахэм, апхуэдизэ хэхэсхэр зэрызэхьхьам къигъэлъагъуэрт Тыркум щыпсэу адыгэхэр зыхэсхэм зэрахэмышпсэхьхьажар, я лъэпкъыр ящІэжу, я тхьідэм щыгъуазэу, истамбылакІуэм кьрикІуа бэлыхьыр нобэми кьатехьэлъэу зэрыщытыр.

Пэкіум къыщыпсэлъэнухэр зэфІэкІа нэужь, адыгэ уэрэдыжьхэр дахэу ягъэзэщІащ. Пщыхьэщхьэ хуегъэзэкІ щыхъуам, цІыху гупышхуэм хы фІыцІэ Іуфэмкіэ яунэтІащ. Пэкіум и къызэгъэпэщакІуэхэм удз гъэгъа зэпхар тенджызым халъхьащ, адрейхэм яІыгъа къармэфиблхэр кІэлъадзащ истамбылакІуэ гъуэгум текІуэда, зи щхьэхуитыныгъэм папщІэ зи псэр зыта ди адзэкъэм я фэеплъу.

НЭЩІЭПЫДЖЭ Замирэ.

● Узыншагъэ

И гум мастэ къыхахыж

Республикэ клиникэ сымаджэщым и хирургэм гу тхьэкІумэм хэуа мастэр иджыблагъэ къыхахыжащ.

ИЛЪЭС 13-м ит хъыджэбз цІыкІум ныбжІэгуэ имыІэу и бгъэм зыгуэр къызэрыхэуэм игъэгузавэу сымаджэщым кьашат. Езы ныбжьыщІэхэмрэ и адэ-анэмрэ зэрыжаІамкІэ, зэрымыщІэкІэ пІэм щІэхуа мастэр хъыджэбз цІыкІум кьыхэуат. Рентгеным кьызэригъэльэгъуамкІэ, мастэр фэ щІагъэм кьыщымынэу, нэхъ куууэ пхыкІат. КомпьютеркІэ и Іэпкъльэпкъым еплъа иужь, мастэр гу тхьэкІумэм къыщагъэтащ.

ХирургиемкІэ дохутыр нэхъыщхьэм и къуэдзэ **Дэбагъуэ Олег**, торакальнэ хирургиемкІэ къудамэм и унафэщІ **Тутыкъу Аслъэн**, торакальнэ хирург **Дыджэ Владимир**, анестезиологэу **Мизиевэ Заремэ**, **Тумэ Маринэ** сымэ зэчэнджэщри, сабийр икІэщІыпІэкІэ операци щІын хуейуэ зэгурыІуащ.

Операцэр екІуэкІыхьІэ, мастэр здэщыІэм льэІэсэн хуэдэу рентгенкІэ сурэт трахыуэр кьагъуэрти, кьыхахыжащ.

Дохутырхэм зэрыжаІэмкІэ, хъыджэбз цІыкІур реаниматологэм я нэІэ щІэту зэрыжаІамкІэ, зэрымыщІэкІэ пІэм щІэхуа мастэр хъыджэбз цІыкІум кьыхэуат. Рентгеным кьызэригъэльэгъуамкІэ, мастэр фэ щІагъэм кьыщымынэу, нэхъ куууэ

ТЭРЧОКЪУЭ Дисэ.

● Хъыбар гуапэ

Кыщпэкдэсхэм пашэныгъэр яубыд

Санкт-Петербург къалэм иджыблагъэ щекІуэкІа «Шэкола здоровья - 2016» урысейпсо зэпеуэм пашэ щыхъуащ Бахьсэн районым хыхьэ Кыщпэк къуажэм и куэт еджапІэр. Абы кьыхуагъэфэщащ зэхьэзэхуэм зэрыщытекІуам щыхьэт техьэу щІыхь тхьылъыр.

ШКОЛЫМ и лэжьакІуэхэм зэпеуэм ягъэхьащ еджакІуэхэм я узыншагъэр хьумэнымкІэ методикэ лэжьыгъэхэр, программэхэр, социальнэ проектхэр.

Зэпеуэм къыркІуаэр зэхалъхьэжа нэужь, «Образовательнэ организацие - территория здоровья - 2016» Іыхьэм Кыщпэк курыт еджапІэм кьыщыхуагъэфэщащ «За отличные успехи в области здоровьесбережения участников образовательного процесса» медалыр.

Бахьсэн муниципальнэ щІыналъэ администрацэм и Іэтащхьэ Сыжажэ Хьэсэн зэпеуэр кьыззэзыгъэпэщахэм кьабгъэдэкІ фІыщІэ тхылъыр кьыхуагъэхьащ, щІэблэр узыншэу кьэгъэхъуным ехьэлІа лэжьыгъэм хэлъхьэныгъэшхуэ зэрыхуищІым папщІэ.

АБАЗЭ Лерэ.

Бахьсэн муниципальнэ щІыналъэ администрацэм и пресс-Іуэхущ Іапіэ.

● Футбол

«Спартак-Налшык» - «ІэфІыпс» - 0:0

Урысей Федерацэм футболымкІэ и етІуанэ дивизионым и «Ипщэ» гупым щекІуэкІ зэхьэзэхуэм ипкъ иткІэ, дыгъуасэ Налшык щызэхэта зэІущІэм апхуэдэ бжыгъэ кьрикІуащ.

«СПАРТАК-Налшыкымрэ» «ІэфІыпсымрэ» я зэІущІэр зэрекІуэкІамрэ зи чэзу джэгугъуэм иужькІэ турнир таблицэм игъуэта теплъэмрэ ятеуха тхыгъэ ди газетым тетынущ.

ХЬЭТАУ Ислъам.

Кебеков Владимир *(ижьымкIэ ещанэщ)* «Захуагъэ здэщыIэ Урысей» партым и унафэщI Миронов Сергей бгэдэтщ.

Кебеков Владимир аргуэру хахыж

Москва, Союзхэм я унэм, тхьэмахуэ кIуам щекIуэкIащ «Захуагъэ здэщыIэ Урысей» политикэ партым и зи чэзу зэхьыхьэшхуэр. Абы хэтащ партым и Къэбардей-Балъкъэр щIыналъэ къудамэм щыщхэу Кебеков Владимир, Войтов Алексей, Токъу Руслан, Настаев Алисолтан, Къалмыкъ Марат, Мэкъуауэ Тимур сымэ.

Ди щIыналъэм щыIэ парт къудамэм и унафэщI Кебеков Владимир партым и Совет Нэхъыщхьэм, Депутатхэм я палатэм, абы и советым хагъэхьащ.

Съездым хэта лIыкIуэхэр Москва къикIыжа нэужь, ди упщIэхэм жэуап къариташ Советым и бюром и секретарь Токъу Руслан.

- Партым и орган нэхъыщхьэм Кебековыр зэрыхагъэхьэжар къызыхэкIар КъБР-м щыIэ парт къудамэр фIыуэ зэрылажьэра, хьэмэрэ республикэм къыхуащI пщIэра?

- СызэреплъыкIэ, ди парт къудамэм хэтхэм я нэхъыбэм я Iуэху зехьэкIэмкIэ къэдлэжащ ар. Партым и Унафэщ Миронов Сергей, Депутатхэм я палатэм и советым и Iэтащхьэ Левичев Николай сымэ къыщыпсалъэм къыхагъэщащ КъБР-м щыIэ щIыналъэ къудамэр нэхъыфIкIэм зэрыхабжэр. БлэкIа пIалъэм къриубыдэу Депутатхэм я палатэм и советым и зэIущIэр хэгъуэгуитIырщ щекIуэкIар - Севастополрэ Налшыкрэ, абыи къыбжеIэ ди щIыналъэ къудамэм и лэжьыгъэр зэрымыейр. Щэч къытехьэркъым ди республикэм къыхуащI пщIэр, КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Юрийрэ Миронов Сергейрэ пщIэ яку дэлъу зэрызэдэлажьэр сэбэп къызэрытхуэхъуами.

- Партым и къудамэ нэхъыщхьэм хагъэхьэхэр куэд щIауэ яцIыхуухэра? Псалъэм папщIэ, Кебековыр?

- Къулыкъыр чэзу-чэзууэ зэрахьэныр партым игъэбелджылауэ зытемыкI хабзэщ. Депутатхэм я палатэм и советым хэтхэм я процент 70-р зэрахъуэкIащ, цIыху 20-м ящыщу 6 къудейщ хагъэхьэжар. Президиумым хэтхэми я процент 40-р зэрахъуэкIащ. Партым и унафэщIу Мироновыр къызэрагъэнэжари захуагъэу къызэолъытэ.

- Сыт хуэдэ зэхъуэкIыныгъэхэр щыIэ иджыри?

- Куэд зэрахъэкIащ икIи ар щыхьэт тохъуэ партым и Iулыджым зэрызэхъуэм. Псалъэм къыдэкIуэу жыпIэмэ, Къэрал Думэм и Унафэщым и къуэдзэ Левичев Николай Урысейм и ХэкакIуэ комиссэм хагъэхьащ, партми и Къэзыпщытэ-къэзыбж комиссэм и Iэтащхьэу ягъэуващ (ар къыпхуедэ законым). Абы и пIэкIэ Палатэм и советым и тхьэмадэ ящIащ Брячак Михаил, ди зэгухэныгъэр зи нэIэ щIэту щытар аращ, ди республикэр фIыуэ ецIыху. «Захуагъэ здэщыIэ Урысей» партым хэыбгъэдэкIыу УФ-м и Къэрал Думэм хэт депутат, генерал-майор, профессор Москальковэ Татьянэ Урысейм цIыхум и хуитыныгъэр хьэмэныкIэ и уполномоченнэу ягъэуващ. Дригушхуэу нэгъэущI къулыкъу лъагэ куэдым пэрытхэри диIэщ.

Партым и пщIэр зэрыиным щыхьэт тохъуэрт съездым къэкIуа лIыкIуэхэр, абы щыIащ хамэ къэралхэм къикIа хьэщIэхэр. Съездым и лэжьыгъэм хэтащ Социалист интернационалым и Генеральнэ секретарь Айала Луис, ПАСЕ-м хэт «Объединенные европейские левые» гупым и пашэ Кокс Тини, Болгар Социалист партым, Латвием и «Согласие» социал-демократ партым, «Демократический союз» сирие партым, «Дашнакцутюн» ермэлы революцэ федерацэм, Китайм и коммунист партым я унафэщIхэр.

- Партым и хабзэубыху дэфтэрэхэм зэхъуэкIыныгъэ гуэрхэр халъхьа? Халъхьамэ, сыт абы щхьэусыгъуэ хуэхъуар?

- Партым и Уставми и Программэми халъхьамэ зэхъуэкIыныгъэхэр. Аэхр къызыхэкIар дунейм къыщыхъуэхэм псынщIэу зэрызахъуэжырщ. Абы къикIыркъым партым нэхъ зытригъащIэ Iуэху еплъыкIэхэр ихьуэжауэ - дэ дызытетыр социалист гупысысэрщ икIи ди фIэщ мэхъу - псэукIэр езыгъэфIэкIуэнур «Захуагъэ здэщыIэ Урысей» политикэ партым пхиш гъэгугщ.

- Фи партым и тхыдэр къулейуэ жыпIэ хъунущ псэукIэм нэхъ ехьэлIауэ къыхэфлъхьэ жэрдэмхэмкIэ, ар икIи гурыIуэгъуэщ социалист парт фызэрыщытыр къэплъытэмэ. Иджыпсту сыт хуэдэ Iуэхухэм ижь ит фи партымрэ КъБР-м щыIэ абы и щIыналъэ къудамэмрэ?

- Ипэр, ТекIуэныгъэ Иныр илъэс 70 зэрырикъуам ипкъ иткIэ, Кебеков Владимир къыхилъхьащ Хэку зауэшхуэм хэтахэм я дамыгъэ лъапIэхэм щхьэкIэ ахъшэ етыным теухуауэ, абы Урысейм и Жылагъуэ палатэм и къудамэми арэзы щытехьащ. А хабзэр къэщтэн зэрыхуеймкIэ Къэрал Думэми ФедерацэмкIэ Советми тхыгъэ едгъэхьащ, а тIури арэзы техъуат, ауэ Правительствэм идакъым. Зауэ нэужь зэманыр нэхъ тыншакъым, ауэ 1954 гъэ пщIондэ СССР-м щатащ апхуэдэ ахъшэ.

Нобэ партым къыхелъхьэ фэтэр куэду зэхэт унэхэр зэгъэпэщыжыным щхьэкIэ ахъшэ зэхэлъхьэныр щыгъэтын, транспорт налогыр Iухыжын хуейуэ. Абы папщIэ Конституцэ судым зыхуэдгъэзащ.

Епсэлъар

ДОХЪУШОКЪУЭ Синэщ.

И ныбжьэгъу щIэныгъэлIэхэр.

«Къэбэрдей-Балъкъэрым щIэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ», «КъБР-м уэыншагъэр хъуэмэныкIэщIыхьзиIэилэжьакIуэ» цIэ лъапIэхэр, нэгъуэщI куэди зыфIащащ, щIэныгъэлI щIэрыIуэ Нэгъуей Беслъэн медицинэм фIыуэ къыщацIыхуэ. ЩIэныгъэ-къэхутэныгъэ лэжьыгъэу 570-м щигъу зи Iэдакъэ къыщIэкIа цIыху щэджащэм и ныбжьыр мы махуэхэм илъэс 80 иригъэщ.

АБЫ и цIэр «Урысейм и щIэныгъэлIхэр», «Урысейм и цIыху щэджащэхэр», «Кавказым и цIыху ящIэныгъэхэр» тхьилъхэм, езыр сэбэп зыхуэхъуа сымаджэхэмрэ и гъуклIэгъэсэнхэмрэ я гум хьэрф дахэкIэ итхащ.

Республикэм, уеблэмэ, къэралым и медицинэр ар хэмытамэ, куэдкIэ хуэмыщIауэ щытыну къыпщыхъуми, абы дохутыр IэщIагъэр къызэрыхихар гъэщIэгъуэнщ.

- МГУ-м и юридическэ факультетым сыщIэтIысхьэну хуабжьу сыщIэхъуэпсырт, - щыжеIэ Беслъэн и интервьюхэм языхэзыщ. - 1953 гъэм курыт еджапIэр къэзыухахэм ящыщу нэхъыфIу еджэхэр Налшык дыщыззэхуашэсауэ щытащ, къэралым и еджапIэ нэхъыщхьэ зэмылIэужьыгъуэхэм дытригъуэшэну. Чэзыр къэсщ сыщIыхьэри, си унэцIэр зэрызэхихыу, армэ щыгъэныкIэ хуэпа щIалэр къыхсхущIэпльри: «Юрист IэщIагъэм уэуеджэ хъунукъым», - пиупщIащ. СыкъэуIэбжьауэ «Сыт щхьэкIэ?» - щыжьIсIэм. «Уи адэр гъэру щытащи», - къызитыжащ жэуап. А дакъикъэм Сталиным и псалъэхэр сигу къэкIыжри, «Адэм къуэмкIэ жэуап ихьркъым» пэздзэжати, «Ар пэжщ, ауэ экономикэ, юрист Iэщ Iагъэхэм ущIэтIысхьэ хъунукъым, властым и органхэр къызыхэтхыжыр ахэращи», - къызжиIауэ щытащ. Абы яужь си адэм дохутыру седжэну щIэхъуэпсу зэрыщытар сигу къэкIыжри, сыщIэтIысхьат.

1936 гъэм накъыгъэм и 8-м Арщыдан къуажэ къыщалъхуа Нэгъуей Беслъэн къызыхэкIар къызэрыгуэкI унагъуэмэ, езым къызэрыгуэмыкIыу щIэныгъэм гу хуищIат, абы хуэпабгъэ зэпытт. Курыт еджапIэ нэужьым 1953 гъэм Дагъыстэн медицинэ институтым щIэтIысхьащ. А лъэхъэнэм абы и гъусэу щIэныгъэ нэхъыщхьэ зэзэгъэгъуэтахэм ящыщщ иужькIэ республикэм и дохутыр цIэрыIуэ хъуахэу Iэщтэ Абдул, Мэржэхъу Лидз, Ащнокъуэ Асльэнбий, Арютюновэ Жаннэ, Мыкъуэжь Марие, Сомгъур Хьэзрэил сымэ, нэгъуэщIхэри. Еджэным зэрыщыпэрытым и мызакъуэу, ди лъахэгъуэхр институтым щекIуэкI щIэныгъэ-къэхутэныгъэ, жылагъуэ лэжьыгъэхэми жыджэру хэтт. Апхуэдэ зэпыщIэныгъэм щIалэгъуалэм яку дэлъ зэныбжьэгъуГуэр игъэбыдэрт, зэхэщIыкIыр нэхъ куу ищIырт.

А илъэсхэм Нэгъуейр медицинэм епха къэхутэныгъэхэм дехьэхри, адэкIи и щIэныгъэм хигъэхъуэну мурад ещI. ЩIэныгъэ нэхъыщхьэ зэзэгъэгъуэта Iэщ IагъэлI ныбжьыщIэр Арщыдан къуажэ илъэсищкIэ дохутыру щылэжьащ. Беслъэн и къаруи зэмани емыблэжу, лъэкI псомкIи цIыхум защIигъаКъуэрт. Лэжьыгъэм и щэху нэхъыбэ къищIэну хущIэкъу щIалэр 1962 гъэм Осетие Ищхьэрэ медицинэ институтым и клиникэ ординатурэм щIэтIысхьащ. Ар екъуIэныгъэкIэ къиухри, Кубань медицинэ академием и аспирантурэм и щIэныгъэм адэкIэ щыхигъэхъуащ.

КъБКЪУ-м и медицинэ факультетыр къызэрызэIуахрэ куэд мыщIэу Нэгъуейм республикэм кьиГъэзэжати, абы ирагъэблагъэри, ильэситхукIэ декану лэжьащ. КъыхэгъэщIпхъэщ абы и тетыгъуэ зэманым факультетыщIэм зыужьныгъэфI зэригъуэтар: кафедрэщIэхэр къыщызэIуихащ, абы щезыгъэджапхъэу къыпхытэхэр къришэлIащ. А зэманым абы и гъусэу лэжьащ IэщIагъэлI пашэхэу Балъкъэр Мухьэмэд, Къущхьэбий Виктор, Щомахуэ Алексей, Таукенов Мухьэмэд, Уанащ Сафудин сымэ, нэгъэущIхэри. Езы Нэгъуейр узыфэ зэрыщIалэжьмкIэ кафедрэщIэм и унафэщIт.

Лэжьыгъэм къыдэкIуэу, къэхутэныгъэхэри IэщIыб имыщIуэрэ, доктор диссертацэр игъэхьэзыращ. Академик Покровскэр и унафэщIу 1985 гъэм ар игъэхьэзырри, екъулIэныгъэшхуэ иIэу пхигъэкIауэ щытащ.

Беслъэн ящыщщ медицинэм и клиникэ цитохимие щIэныгъэм и лъабжьэр УФ-м щызыгъэтIылъахэм. Абы и лэжьыгъэхэр куэдым я тегъэщIапIэщ, ар щыпIэ зэмылIэужьыгъэхэм къыщацIыху дохутырщ. ТхьэмащIыгър, щIыфэм епха уз зэрыщIалэхэр пэхъужьным екъулIауэ УФ-м и фармакологие комитетымрэ Сечёновым и цIэр зэрихьэу Москва дэт медицинэ академиемрэ я гъусэу абы къахутэныгъэ гъэщIэгъуэнхэр иригъэкIуэкIащ. Апхуэдэ къахутэныгъэхэм къарикIуахэр щIэныгъэ лабораторэхэм, сымаджэщ зэмылIэужьыгъуэхэм шэщIауэ къыщыгъэсэбэп.

Нэгъуейм щIэныгъэ лэжьыгъэу 800-м щIигъу и къалэмыпэм къыпыкIащ. Абыхэм яхэтщ тхьилъ щхьэхуэхэри, статья хэхэхэри, зэреджэ-дохутырщ пособиехэри. Хамэ къэралхэм къыщыдэкI щIэныгъэ журналхэм Нэгъуейм и лэжьыгъэ куэд къыщыгъэтрадзэ.

КъищынэмыщIауэ, Нэгъуейр жылагъуэ гъащIэми щыкыджэрщ. Ар хэтщ Естественнэ щIэныгъэхэмкIэ Урысей Академием, ЩIэныгъэхэмкIэ Дунейпсо Адыгэ Академием, ЩIэныгъэхэмкIэ Евразие Академием, ЕстествознаниемкIэ Урысей Академием.

Зи зэфIэкIыр лъагэ дохутырышхуэр и Iэзагъымрэ щIэныгъэмрэ щымысхьу а IэнатIэм къыхьхьэ ныбжьыщIэхэм ядогушэ. Абы и унафэ щIэту къэхутэныгъэхэм я дунейм щIэныгъэлI ныбжьыщIэхэр хишащ. Кандидат, доктор диссертацэу 60-м нэс пхагъэкIащ ар зи унэтIакIуэхэм.

- Сэ сызэреплъымкIэ, дэтхэнэ зыми и лъабжьэр зэдащIыр иригъэфIэкIуэнырщ и кьалэн нэхъыщхьэр, - жеIэ абы. - «Уи Хэку гъэдахэ, уи адэжь лъапсэ Iэщ Iыб умыщI», - жиIащ адыгэ псалъэжьым. Псори хэкупсэу щытмэ, къэралыр нэхъ бей хъуну араща. Ди университетым медицинэ факультет къыщызэIуахауэ къыщысIыгъ Iам сызэрыщыгуфIыкIар къэIуэтэгъуейщ. Медицинэм хуеджэну хуей щIалэгъуалэр нэгъуэщI щIыпIэ мыкIуэу ди дежь щеджэну Iэмал яIэ хуат. Ахэр езыгъэджэн дызэримащIэр сщIэрти, зызмыIэжьэу сыкъэкIуэжауэ щытащ. Сэ зэи къулыкъущIэкъуу сыщытахьым, абы пэIэщIи зэи сыхъуакъым. 1969 гъэм щегъэжьауэ илъэситхукIэ факультетым и декану сылэжьати, си япэ итахэм егъэджэныгъэр егъэфIэкIуэнымкIэ кърахьэжьа Iуэху дахэм зэрыпысщэным яужь ситт.

Дохутырым хэлъыпхъэу къыпхытэ хьэл нэхъыщхьэхэр къыщрибжэкIкIэ абы зэуаплныгъэр псом япэ иregъащ. «Ар гумызагъэу, и щIэныгъэм хигъахъуэ зэпыту, гущIэгъу хэлъу, и лэжьэгъуэхм щапхъэ яхуэхъуу щытын хуейц», - жеIэ абы. И псэукIэкIи и псалъэхэм щыхьэт техьуэж зэпытщ.

КъищынэмыщIауэ, Нэгъуейр жылагъуэ гъащIэми щыкыджэрщ. Ар хэтщ Естественнэ щIэныгъэхэмкIэ Урысей Академием, ЩIэныгъэхэмкIэ Дунейпсо Адыгэ Академием, ЩIэныгъэхэмкIэ Евразие Академием, ЕстествознаниемкIэ Урысей Академием.

Зи зэфIэкIыр лъагэ дохутырышхуэр и Iэзагъымрэ щIэныгъэмрэ щымысхьу а IэнатIэм къыхьхьэ ныбжьыщIэхэм ядогушэ. Абы и унафэ щIэту къэхутэныгъэхэм я дунейм щIэныгъэлI ныбжьыщIэхэр хишащ. Кандидат, доктор диссертацэу 60-м нэс пхагъэкIащ ар зи унэтIакIуэхэм.

- Сэ сызэреплъымкIэ, дэтхэнэ зыми и лъабжьэр зэдащIыр иригъэфIэкIуэнырщ и кьалэн нэхъыщхьэр, - жеIэ абы. - «Уи Хэку гъэдахэ, уи адэжь лъапсэ Iэщ Iыб умыщI», - жиIащ адыгэ псалъэжьым. Псори хэкупсэу щытмэ, къэралыр нэхъ бей хъуну араща. Ди университетым медицинэ факультет къыщызэIуахауэ къыщысIыгъ Iам сызэрыщыгуфIыкIар къэIуэтэгъуейщ. Медицинэм хуеджэну хуей щIалэгъуалэр нэгъуэщI щIыпIэ мыкIуэу ди дежь щеджэну Iэмал яIэ хуат. Ахэр езыгъэджэн дызэримащIэр сщIэрти, зызмыIэжьэу сыкъэкIуэжауэ щытащ. Сэ зэи къулыкъущIэкъуу сыщытахьым, абы пэIэщIи зэи сыхъуакъым. 1969 гъэм щегъэжьауэ илъэситхукIэ факультетым и декану сылэжьати, си япэ итахэм егъэджэныгъэр егъэфIэкIуэнымкIэ кърахьэжьа Iуэху дахэм зэрыпысщэным яужь ситт.

Дохутырым хэлъыпхъэу къыпхытэ хьэл нэхъыщхьэхэр къыщрибжэкIкIэ абы зэуаплныгъэр псом япэ иregъащ. «Ар гумызагъэу, и щIэныгъэм хигъахъуэ зэпыту, гущIэгъу хэлъу, и лэжьэгъуэхм щапхъэ яхуэхъуу щытын хуейц», - жеIэ абы. И псэукIэкIи и псалъэхэм щыхьэт техьуэж зэпытщ.

КъищынэмыщIауэ, Нэгъуейр жылагъуэ гъащIэми щыкыджэрщ. Ар хэтщ Естественнэ щIэныгъэхэмкIэ Урысей Академием, ЩIэныгъэхэмкIэ Дунейпсо Адыгэ Академием, ЩIэныгъэхэмкIэ Евразие Академием, ЕстествознаниемкIэ

ЩIДАА-м хэт академикхэр. *2006 гъэ*

● ДифI догъэлъапIэ

ФIыщIэ зи куэд Нэгъуей Беслъэн

ЩомахуэЗалинэ.

● Хъуэхъу

Бахъсэн районым хьыхэ Куба къуажэм щыпсэу Къэзан Мухьэмэд и ныбжьыр накъыгъэм и 18-м илъэс 80 зэрырикъумкIэ дохъуэхъу

ПщIэ зыхуэтщI ди нэхъыжьыфI, фIыуэ тлъагъу ди адэ, адэшхуэ Iумахуэ!

Ди щиякIуэ, чэнджэщэгъу Iущым, цIыху гуапэм, щабэм укъыщалъхуа махуэр уогъэлъапIэри, дынохъуэхъу уи узынщагъэрэ уи гуащIэрэ мыкIуэщIу, быным, абыхэм я щIэблэм я насыпым уи псэр игъэнэхурэ уи гум екуэбылIэу куэдрэ упсэуну. Дэрэжэгъуэрэ гукъыдэжрэ уи куэду, гуауэр упэIэщIэу, дыбгъэгушхуэрэ удгъэгуфIэу, уи дунейр дахэу, уи пщIэр лъагэу, унагъуэ жьэгур мыужьыхьыу тхуэпхъумэу куэдрэ укъытщхьэщытыну Тхьэшхуэм жиIэ!

Уи щхьэгъусэ Хъадыжэ, уи бынхэу Анзоррэ Маринэрэ, уи малъхъэ МуIэед, уи нысэ Маринэ, уи къуэрылъху-пхъурылъхуэхэр.

● Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатхэмрэ КъБР-м и Парламентым и Аппаратым и лэжьакIуэхэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутат **Шаваев Ильяс Пагуэ и къуэм** хуогузавэ абы и къуэ **Шаваев Алихьан Ильяс и къуэр** пасэу зэрылIам къыхэкIыу.

● Дзэлыкъуэ щIыналъэ

Къабзагъэм йогугъу

Дзэлыкъуэ щIыналъэм хьыхэ жылагъуэхэр егугъуу зэщIагъэкъабзэ.

ИУЖЬРЕЙ илъэсхэм псом хуэмыдэу гулъытэ хэха хуащI уэрамхэм, кIуажэ дэлъэдапIэхэм, «Кавказ» федерал гъэгу Iуфэхэм. Дзэлыкъуэ щIыналъэ администрацэм и Iэтащхьэм и унафэкIэ илъэс къэс жылагъуэхэр къабзагъэ мардэхэмкIэ зэпоуэ, абы щытекIуэхэм я цIэ фIыкIэ ирапIуэ, саугъэтхэри ират.

Мы гъэр къыщызрихьэрэ федеральнэ гъэгуи и Iэгъуэблагъэр зыхуей хуэгъэзэным теухуауэ ирагъэкIуэкIа щIыхьэхуэм жьыдэру хэтащ щIыналъэ администрацэм, пенсэ фондым, пощтым я лэжьакIуэхэр, егъэджакIуэхэр, еджакIуэхэр.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

Сурэтхэр **Елъкъан Артур** *трихащ.*

«ГъащIэ, сэ фIыуэ узолъагъу»

● Накъыгъэм и 18-р Музейхэм я дунейпсо махуэщ

Гъэ къэс накъыгъэм и 18-м Музейхэм я дунейпсо махуэр ягъэлъапIэ. 1977 гъэм Музейхэм я дунейпсо советым и зи чэзу зэIущэм а махуэр къыщыIэзэщIатауэ щытащ икIи абы щегъэжьауэ къэрали 150-м щIигъуэм щагъэлъапIэ.

Я МАХУЭМ ирихьэлIэу, музейхэм пщIэншэу щIагъэхьэ. ГъэлъэгъуэныгъэщIэхэр ягъэхьэзыр, лекцэ щIэщыгъуэхэр, псалъэмакъ щхьэпэхэр, зэIущIэхэр щрагъэкIуэкI. Дауэдапщэ щIэщыгъуэхэр, фестивалхэр щащI щыIэщ. Апхуэдэщ иужьрей илъэсхэм щIэупщIэ зиIэ хъуа «Музейхэм я жэщыр». Ар дунейм тет къэрал куэдым накъыгъэм и 18-м пэгъунэгъу щэбэт жэщым ящI хабзэщ.

Ткаченкэ Андрей и цIэр зезыхьэ Сурэтыщ гъуэзджэкIмкIэ музейм Музейхэм я дунейпсо махуэмрэ ТекIуэныгъэ Инымрэ яхуэгъэпсауэ «ГъащIэ, сэ фIыуэ узолъагъу» фIэщыгъэм щIэт гъэлъэгъуэныгъэ къыщызэIуахащ.

БлэкIа лIэщIыгъуэр къызытещ сурэтхэмрэ хьэпшыпхэмрэ лъэпкъым, къэралым къызэринэкIа дунейм ухашэрт. Иужьрей лIэщIыгъуэ ныкъуэм дунейм зыужьныныгъэ лъагэ игъуэтами, абы ипэ щыIа зэманым дахагъэу хэлъамрэ щIыхуэхэм яку дэлъа зэхущытыкIэ екIумрэ сурэтхэм къаIуатэрт. Уи фIэщ мыхъун хуэдэу зы теплъэгъуэм щыIэтэкъым абы. Сурэт къэс зы дуней щхьэхуэ къиIуатэрт, псори зэхэту, блэкIам щIэлъа Iэфlагъымрэ щIыщ, щIыщ ящI хабзэщ.

Ткаченкэ Андрей и цIэр зезыхьэ Сурэтыщ гъуэзджэкIмкIэ музейм Музейхэм я дунейпсо махуэмрэ ТекIуэныгъэ Инымрэ яхуэгъэпсауэ «ГъащIэ, сэ фIыуэ узолъагъу» фIэщыгъэм щIэт гъэлъэгъуэныгъэ къыщызэIуахащ.

БлэкIа лIэщIыгъуэр къызытещ сурэтхэмрэ хьэпшыпхэмрэ лъэпкъым, къэралым къызэринэкIа дунейм ухашэрт. Иужьрей лIэщIыгъуэ ныкъуэм дунейм зыужьныныгъэ лъагэ игъуэтами, абы ипэ щыIа зэманым дахагъэу хэлъамрэ щIыхуэхэм яку дэлъа зэхущытыкIэ екIумрэ сурэтхэм къаIуатэрт. Уи фIэщ мыхъун хуэдэу зы теплъэгъуэм щыIэтэкъым абы. Сурэт къэс зы дуней щхьэхуэ къиIуатэрт, псори зэхэту, блэкIам щIэлъа Iэфlагъымрэ щIыщ, щIыщ ящI хабзэщ.

Сурэтхэр зэрызэхихыу, армэ щыгъэныкIэ хуэпа щIалэр къыхсхущIэпльри: «Юрист Iэщ Iагъэм уэуеджэ хъунукъым», - пиупщIащ. СыкъэуIэбжьауэ «Сыт щхьэкIэ?» - щыжьIсIэм. «Уи адэр гъэру щытащи», - къызитыжащ жэуап. А дакъикъэм Сталиным и псалъэхэр сигу къэкIыжри, «Адэм къуэмкIэ жэуап ихьркъым» пэздзэжати, «Ар пэжщ, ауэ экономикэ, юрист Iэщ Iагъэхэм ущIэтIысхьэ хъунукъым, властым и органхэр къызыхэтхыжыр ахэращи», - къызжиIауэ щытащ. Абы яужь си адэм дохутыру седжэну щIэхъуэпсу зэрыщытар сигу къэкIыжри, сыщIэтIысхьат.

1936 гъэм накъыгъэм и 8-м Арщыдан къуажэ къыщалъхуа Нэгъуей Беслъэн къызыхэкIар къызэрыгуэкI унагъуэмэ, езым къызэрыгуэмыкIыу щIэныгъэм гу хуищIат, абы хуэпабгъэ зэпытт. Курыт еджапIэ нэужьым 1953 гъэм Дагъыстэн медицинэ институтым щIэтIысхьащ. А лъэхъэнэм абы и гъусэу щIэныгъэ нэхъыщхьэ зэзэгъэгъуэтахэм ящыщщ иужькIэ республикэм и дохутыр цIэрыIуэ хъуахэу Iэщтэ Абдул, Мэржэхъу Лидз, Ащнокъуэ Асльэнбий, Арютюновэ Жаннэ, Мыкъуэжь Марие, Сомгъур Хьэзрэил сымэ, нэгъуэщIхэри. Еджэным зэрыщыпэрытым и мызакъуэу, ди лъахэгъуэхр институтым щекIуэкI щIэныгъэ-къэхутэныгъэ, жылагъуэ лэжьыгъэхэми жыджэру хэтт. Апхуэдэ зэпыщIэныгъэм щIалэгъуалэм яку дэлъ зэныбжьэгъуГуэр игъэбыдэрт, зэхэщIыкIыр нэхъ куу ищIырт.

А илъэсхэм Нэгъуейр медицинэм епха къэхутэныгъэхэм дехьэхри, адэкIи и щIэныгъэм хигъэхъуэну мурад ещI. ЩIэныгъэ нэхъыщхьэ зэзэгъэгъуэта Iэщ IагъэлI ныбжьыщIэр Арщыдан къуажэ илъэсищкIэ дохутыру щылэжьащ. Беслъэн и къаруи зэмани емыблэжу, лъэкI псомкIи цIыхум защIигъаКъуэрт. Лэжьыгъэм и щэху нэхъыбэ къищIэну хущIэкъу щIалэр 1962 гъэм Осетие Ищхьэрэ медицинэ институтым и клиникэ ординатурэм щIэтIысхьащ. Ар екъуIэныгъэкIэ къиухри, Кубань медицинэ академием и аспирантурэм и щIэныгъэм адэкIэ щыхигъэхъуащ.

КъБКЪУ-м и медицинэ факультетыр къызэрызэIуахрэ куэд мыщIэу Нэгъуейм республикэм кьиГъэзэжати, абы ирагъэблагъэри, ильэситхукIэ декану лэжьащ. КъыхэгъэщIпхъэщ абы и тетыгъуэ зэманым факультетыщIэм зыужьныныгъэфI зэригъуэтар: кафедрэщIэхэр къыщызэIуихащ, абы щезыгъэджапхъэу къыпхытэхэр къришэлIащ. А зэманым абы и гъусэу лэжьащ IэщIагъэлI пашэхэу Балъкъэр Мухьэмэд, Къущхьэбий Виктор, Щомахуэ Алексей, Таукенов Мухьэмэд, Уанащ Сафудин сымэ, нэгъэущIхэри. Езы Нэгъуейр узыфэ зэрыщIалэжьмкIэ кафедрэщIэм и унафэщIт.

Лэжьыгъэм къыдэкIуэу, къэхутэныгъэхэри IэщIыб имыщIуэрэ, доктор диссертацэр игъэхьэзыращ. Академик Покровскэр и унафэщIу 1985 гъэм ар игъэхьэзырри, екъулIэныгъэшхуэ иIэу пхигъэкIауэ щытащ.

Беслъэн ящыщщ медицинэм и клиникэ цитохимие щIэныгъэм и лъабжьэр УФ-м щызыгъэтIылъахэм. Абы и лэжьыгъэхэр куэдым я тегъэщIапIэщ, ар щыпIэ зэмылIэужьыгъэхэм кьыщацIыху дохутырщ. ТхьэмащIыгър, щIыфэм епха уз зэрыщIалэхэр, зэреджэ-дохутырщ пособиехэри. Хамэ къэралхэм къыщыдэкI щIэныгъэ журналхэм Нэгъуейм и лэжьыгъэ куэд къыщыгъэтрадзэ.

КъищынэмыщIауэ, Нэгъуейр жылагъуэ гъащIэми щыкыджэрщ. Ар хэтщ Естественнэ щIэныгъэхэмкIэ Урысей Академием, ЩIэныгъэхэмкIэ Дунейпсо Адыгэ Академием, ЩIэныгъэхэмкIэ Евразие Академием, ЕстествознаниемкIэ Урысей Академием.

Зи зэфIэкIыр лъагэ дохутырышхуэр и Iэзагъымрэ щIэныгъэмрэ щымысхьу а IэнатIэм къыхьхьэ ныбжьыщIэхэм ядогушэ. Абы и унафэ щIэту къэхутэныгъэхэм я дунейм щIэныгъэлI ныбжьыщIэхэр хишащ. Кандидат, доктор диссертацэу 60-м нэс пхагъэкIащ ар зи унэтIакIуэхэм.

- Сэ сызэреплъымкIэ, дэтхэнэ зыми и лъабжьэр зэдащIыр иригъэфIэкIуэнырщ и кьалэн нэхъыщхьэр, - жеIэ абы. - «Уи Хэку гъэдахэ, уи адэжь лъапсэ Iэщ Iыб умыщI», - жиIащ адыгэ псалъэжьым. Псори хэкупсэу щытмэ, къэралыр нэхъ бей хъуну араща. Ди университетым медицинэ факультет къыщызэIуахауэ къыщысIыгъ Iам сызэрыщыгуфIыкIар къэIуэтэгъуейщ. Медицинэм хуеджэну хуей щIалэгъуалэр нэгъуэщI щIыпIэ мыкIуэу ди дежь щеджэну Iэмал яIэ хуат. Ахэр езыгъэджэн дызэримащIэр сщIэрти, зызмыIэжьэу сыкъэкIуэжауэ щытащ. Сэ зэи къулыкъущIэкъуу сыщытахьым, абы пэIэщIи зэи сыхъуакъым. 1969 гъэм щегъэжьауэ илъэситхукIэ факультетым и декану сылэжьати, си япэ итахэм егъэджэныгъэр егъэфIэкIуэнымкIэ кърахьэжьа Iуэху дахэм зэрыпысщэным яужь ситт.

Дохутырым хэлъыпхъэу къыпхытэ хьэл нэхъыщхьэхэр къыщрибжэкIкIэ абы зэуаплныгъэр псом япэ иregъащ. «Ар гумызагъэу, и щIэныгъэм хигъахъуэ зэпыту, гущIэгъу хэлъу, и лэжьэгъуэхм щапхъэ яхуэхъуу щытын хуейц», - жеIэ абы. И псэукIэкIи и псалъэхэм щыхьэт техьуэж зэпытщ.

КъищынэмыщIауэ, Нэгъуейр жылагъуэ гъащIэми щыкыджэрщ. Ар хэтщ Естественнэ щIэныгъэхэмкIэ Урысей Академием, ЩIэныгъэхэмкIэ Дунейпсо Адыгэ Академием, ЩIэныгъэхэмкIэ Евразие Академием, ЕстествознаниемкIэ

ЩомахуэЗалинэ.

Сурэтхэр **Елъкъан Артур** *трихащ.*

Тхакіуэ, драматург, журналист цІэрыІуэ Дудар Хьэутий псэужамэ, и ныбжьыр илъэс 95-рэ ирикъунут

Зи щІэинхэр дунейгъэдахэ

Іуэху куэдым хуэІэижь

Дудар Хьэутий Мызэ и къуэр 1921 гъэм накъыгъэм и 15-м Бахъсэн районым хьыхь Къулькъужьи Ищхьэрэ (Къэнжьэлэ) къыщалъхуащ. Къуажэ еджапІэр кьиухри, егъэджакІуэхэр щагъэхьэзыру Налшык дэт училищэм щІэтІысхьащ. ЕгъэджакІуэхэм я щІэныгъэм щыхагъахъуэ курсым иужькІэ щеджащ. Класс нэхъыжьхэм щылэжьэну хуит зыщІ тхьилъ кьыІэрыхьэуи игъэзэжри, адыгэбзэмрэ литературэмкІэ егъэджакІуэу 1942 гъэ пщІондэ лэжьащ. ТхакІуэ хъуну къызыхуиуха щІалэр а зэманым журналистикэм итхьэкъуащ: къыщалъхуа къуажэм и гъащІэм, абы щыпсэу щІыхъэм я Іуэху-щІафэхэм теухуа очеркхэр итхыу щІидзащ, ахэр газетхэм къытехуащ.

ЗАУЭ лъэхъэнэм зи щІалэгъуэр хиубыдахэм ящыщщ Дударыр. И узынщагъэр зэрыпэмылъэщым къыхэкІыу, ар Хэку зауэшхэм ягъэкІакъым. И щхьэкІэ хэмытами, зауэм и гугъуехьхэмрэ бэлыхьхэмрэ абы кьыжьэхэуащ, и псэкІи и фэкІи игъэващ. 1942 - 1945 гъэм Дудар Хьэутий шофёру лажьэу Тырныауз вольфрам-молибден комбинатыр зэфІэзыгъэувэжахэм яхэтащ. Арщхьэкіэ тхьилъмрэ тхэнымрэ зэи Іэщыбэ ищІакъым абы. Арауи кьыщІэкІынщ 1945 гъэм Дударыр Налшык дэт радиокомитетым щылэжьэну щІрагъэблэгъари. «ХъыбарыщІэхэр» редакцэм и редактору къыщІидзащ, 1947 гъэм щегъэжьауэ «Къэбэрдей пэж» («Адыгэ псалъэ») газетым щылэжьащ.

Дудар Хьэутий и кьалэмылэм къыщІэкІахэр иту тхьилъ зыбжанэ кьыдэкІащ. Абыхэм я нэхъыбэр езыр псэууэ дунейм къытехьащ, адрейхэр тхакІуэр лІа нэужь кьыдэкІащ. 1964 гъэм кьыдэкІащ «Си пащІэр» зыфІиища и ялэ тхылъыр. Абы къыкІэлъыкІуащ «Пэ вабдзэр» (1968), «Пьесэхэр» (1974), «ГушыІэхэмрэ ауанкэмрэ» (1977). Сабийхэм папщІэ мыхьэнэшхуэ зиІэ «Таурыхъэр» (1980), «Гупсыси, псалъэ» (1985) тхылъыр дунейм къытехьащ. А гъэ дыдэм урысыбзэкІэ кьыдэкІащ «До свое-го роста» (1985) зыфІиища тхылъыр. 1992 гъэм тхакІуэм и кьалэмылэм къыщІэкІащ «ГуфІэгъуэ щащІэ» тхылъыр.

Таурыхъэр щыІэзэхъэса и етІуанэ тхылъыр Хьэутий илъэгъуакъым. Апхуэдэу 2001 гъэм тхакІуэм ипхъу Дудар ФатІимэ кьыдигъэкІащ и адэм и едзыгъэхэр, уэрэдхэр, гушыІэ кІэщІхэр зэрыхуа, «Едзыгъэхэр» зыфІащар. Тхьилъ щхьэхуэу кьыдэкІахэм нэмыщІ, Дударым и тхыгъэ куэд кьыстекуащ республикэ газетхэм, «Іуащхьэмахуэ», «Театр» журналхэм. Абы и Іэдакъэ къыщІэкІа «Нэчыхьытх», «Кьуийцыкіу», «Зэгъунэгъуит», «ГушыІэхэмрэ ауанкэмрэ», «Хьэлэлыжьрэ хьэрэмыжьрэ», «Борэн», «Мыдзф и мастэ», «Фыз Іэзэ» пьесхэмэ кьытращыкІа спектаклхэр Къэбэрдей къэрал драмэ театрым щагъэуващ. «Жащтеузэхэр», «Мэзым кьыщыхъуахэр», «ЩхьэгъусэнэпсеЙ», «Суд йокІуэкІ», «Пшынауэ», «Сэ сыадыгэкъым», «Дохутыврымрэ сымаджэмрэ» пьесхэр Іэрыхтыжу къэна мыхъумэ, зыщцыпІи къыщыдэкІакъым. 1974 гъэм Дударым дунейм къытригъэхьа «Пьесэхэр» тхылъым иуар «Борэн», «Зэгъунэгъуит», «Кьуийцыкіу», «Хьэлэлыжьрэ Хьэрэмыжьрэ» пьесиплІырц.

Зи тхыгъэ купщІафІэхэмкІэ щыІэхэм фІыуэ ялъэгъуа Дудар Хьэутий и кьалэмылэм къыщІэкІащ рассказхэр, гушыІэхэр, ауанхэр, таурыхъэхэр, усэхэр, теплъэгъуэ кІэщІхэр, театр зэмылІэужьыгъуэхэм щагъэува пьесэ купщІафІэхэр. ТхакІуэм тельыджэу къигъуэтырт икІи иуэзщІырт щІэнэкІалъэхэмрэ гушыІэхэмрэ. Дерс гуэр кьыхьыумыхьу, уи гур имыгъэпІейтуэу зыри яхэткъым абыхэм. А псоми кьыдэкІыуэ, ар икІи журналист.

Дудар Хьэутий хуэІэижьыр тэрмэш лэжьыгъэмэ. Литературэм зэфІэкІыу щиІахэм щыщ зыщ художественнэ тхыгъэхэр Іэзэу зэридзэкІыу зэрыщытар. 1963 гъэм Дударым адыгэбзэм кьригъэтІэсауэ кьыдэкІащ дуней псом щыщІэрыІуэ тхакІуэшхэр Твен Марк и «Пащтыкьыкъэмрэ Іэкьуэ», Абы зэридзэкІащ Этезов Омар и «Мывэхэм ящІэж» повестыр, Толстой Лев и «Мыщиц» таурыхъэр, Гуртуев Елдар и «Хьыджэбз хьэщІэ» рассказыр, Токумаев Жэгъэфар и «Чонай и хьыбархэр», нэгъуэщІ зыбжани.

Ди республикэм и театр гъуазджэм зегъэужьыным хэлъхьэныгъэшхэр зэрыхуищІам кьыхэкІыу, Дудар Хьэутий 1973 гъэм «КъБАССР-м и гъуазджэхэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ» цІэ лъапІэр кьыфІащащ. Ар Урысейм и ТхакІуэхэмэ Журналистхэми я союзхэм хэтащ.

Дудар Хьэутий 1994 гъэм накъыгъэм и 5-м дунейм ехьежащ икІи кьыщалъхуа Къулькъужьи Ищхьэрэ къуажэм щыщІалъхьэжащ. Ар щІыху пэжу, гу кьабзэу дунейм тетащ, езым и хьэтІ ихьэжу и лъапІэгъэ ди адыгэ лъэпкъ литературэм щыпхызыша тхакІуэщ.

АБАЗЭ Албэч,
филологие щІэныгъэхэм я кандидат.

1970 гъэ

Набдзэгубдзаплъэ

Нобэ хуэдэщ, ауэ ситуу куэд щІа абы лъандэрэ. 1951 гъэм илъэс тІощІрэ зытІущ ныбжьым ит щІалэщІэу ди Къэбэрдей пединститутыр къэзыухыну «Къэбэрдей пэж» газетым лэжьакІуэ сыщагъэкІуам, «Къеблагъэ» гуапэ къызэрезыІахэм ящыщщ нобэ къытхэмытыж тхакІуэ Дудар Хьэутий.

ТХАКІУЭМ и тхылъ хъарзынэ къомымрэ и пьесэхэмрэ адыгэхэр фІыуэ щыгъуазэщ. Абы и гушыІэ тхылъхэр нобэми щІыхуэхэм яфІэгъэщІагъуэну зэІэпах, илъэс куэдкІэ ди адыгэ театрым игъэлъэгъуа и комедиехэми емыплъа къэгъуэтыгъуейщ, жыпІэкІэ пцІыупс ухъункъым. Хьэутий гушыІэмрэ ауанымрэ и творчествэми гъащІэми щыІэрыльагъуу щытащ. АбыкІэ жысІэну сызыхуейр арщи, Дударым и тхылъхэми пьесэхэми лъабжьэ яхуищІар езыр зыхэпсэуахэ гъащІэм щилъэгъуаехэрщ. Ара къудейкъым - Хьэутий гушыІэшхуэ зыхэлъ цІыхуу щытащ. ИлэжьыпІэкІэ, ар гушыІэмрэ ауанымрэ я тхакІуэт.

Дудар Хьэутий сэрэ илъэс зыбжанэкІэ дыззэдэлэжьащ, ныбжькІэ дыззэщхьэщідзэми, дызэныбжьэгъуу, дызэкІуэгъужэгъуу, шыгъупІастэ зэдэтшхыу щытащ.

Мы си тхыгъэ кІэщІыр тхакІуэм и творчествэ псоф зэпкърыхыным пэлъэщынукъым. Абы Іэмал имыІэуи щыткъым. Ар си ялъэ ди критикхэмрэ литературэджхэмрэ. Сэ сыхуейщ мыпсэуж ныбжьэгъуэ зэрысцІыхуу щытам хуэдэу сигу кьэзгъэкІыжыну.

Пединститутым Чичулин и ныдэщІэу урыс щІалэшхуэ щІэсащ, дыгушыІэурэ, ищхьэмкІэ дунейр дауэ щыт уэфІ-уэлбанэкІэ, жыпІэу деупщІу. Абы къищынэмыщІагъэ, Дудар Хьэутий нэхъэ нэхъ мывэрэ, щхьэж зэрыхуэзфІэкІкІэ кьыІэзыхэкІам хуэпсэуныр, хуэлэжьэныр я мурад пыухыкІат. Апхуэдэ акъыл узынщэм кьрашэкІыт Дударым и лІыхъужьхэри. Абыхэм лъэпкъ гушыІэр зэІэпахэу кьрахьэкІ, адыгэ хабзэри нэмысри яхъумэу, хуэгумащІэу, щІыхуэм кьадекІуэкІ щэнхабзэм и хъугъуэфІыгъуэхэр ягъэбагъуэ.

Ар яхэтащ адыгэм нэхъ хуэгумащІэ, хуэпэж щІалэ пажэхэм. Апхуэдэ щІыхуэм зэи кьалъытэртэкъым лъэпкъым зэрыхуэлажьэ илъэс бжыгъэр, хуагъэкІуэда гуащІэр. Ахэр зыщыгугфІыкІыр ящІэфа Іуэрхуц, кьызыэкІам кьыдэхуэ фІыгъэрц, абы зэрызиужьырц. Лъэпкъ ехьулІэныгъэр щхьэ насыпу кьалъытэ. Аращ дэрэжагъуэ кьезыту, я Іэ-я лъэр щІигъэкІыу ахэр зыгъэлажьэр.

Дударыр ешІэ лІышхуэт. И инагъым хуэдиз угъурлыгъи иІэжт. Ар ядэгъэгурыкІуэфыщт нэхъыжьхэми нэхъыщІэхэми - хэти фІэкІрабгъу кьыхуилъхьэуэу тэмакъ кІыхьт.

ЖЫЛЭТЕЖ Сэлэдин,
тхакІуэ.

«КІэщІу сотхэ»

Зи тхыгъэ хьэлэмэтхэмкІэ, купщІафІэхэмкІэ щыхуэхэм фІыуэ ялъэгъуахэм ящыщщ тхакІуэ, драматург, усакІуэ Дудар Хьэутий. Иджы куэдау дунейм и дахэгъуэ-щІэрэщІэгъуэу, къызэралъхурэ илъэс 73-рэ ирикъунут махуипщІ фІэкІа къэмынэжау, ар 1994 гъэм накъыгъэм и 5-м дунейм ехьежащ.

ДУНЕЙМ и дахэгъуэу къытехьэри, дунейм и дахэгъуэу ежьжащ. Дахэуи тетащ ар дунейм. Абы и ауан, гушыІэ тхыгъэ гъэщІагъуэмкІэ, рассказ купщІафІэкІэ, пьесэхэр, усэхэр, уэрэдхэр - псори дунейгъэдахэ защІэт. Дунейгъэдахэт ежьащ и гъащІэри зэрыщыту.

И тхыгъэхэмкІэ сцІыхуми, абы сыщыІущІари цІыхугъэ щысхуэхъуари кІасэущ - си ныбжьэгъуэ, газетым лэжьапІэ сыкІуа иужькІэщ. Мопхуэдизэ тхылъ зытха, пщІэрэ щІыхьэрэ зиІэ, цІыхухэм фІыуэ ялъагъуэ тхакІуэ нэхъыжьыр сэ зэи кІыхьэпсэгъэкІыу гу зылъызигъатэртэкъым.

А зэманым Дударым узынщагъэщхуэ бгъэдэлъыжтэкъым. Хэку зауэшхуэм ирамыджэу къыщІагъэна и узыр е екІуэурэ, а лъэхъэнэ жьыхуэсІэм щыгъуэ Хьэутий дахэ-дахэу къимыкІухьыжьыф хьуат. Зэ ззэмызэ жьы зыщІирыгъэхун щхьэкІэ Іэгъуэблагъэм щыпльагъу мыхъумэ, жьыжьэ кІуэфырыткъым. Абы къыхэкІкІэ сэ я унэ сыкІуэрт. Іэшхуэлъэшхуэ зыжьарэ, и нэгум угъурлыгъэр къриплу пэрысат. Ар сыт щыгъуи стІолыж, тхылъхэр, тхылъыплІэкэр къебгъэтІылъэкІауэ. И щхьэгъусэ Фуэз, ипхъу ФатІимэ, и пльырылъху цІыкІур игъэгушхуэ игуГъэжу аратэ апхуэдэу щІищІыр - ахэр икъукІэ фІыуэ илъагъурт.

Сэ си цІыхугъэхэр куэдрэ сшэрт Хьэутий деж. ТхакІуэ, усакІуэ ныбжьыщІэхэм ар къащыгуфІыкІырт, гуапэу иригъэблагъэрт. СощІэж усакІуэ ныбжьыщІэ, зи усэхэмрэ псэмэхэмрэ къыдэкІуэу, Лермонтовым и «Демон», Шекспир и «Ромеорэ Джульеттэрэ» адыгэбзэкІэ зэзэщІэзэкІа, пасэу дунейм ехьжа Къармэ Іэуес сшэуэ сыщыкІуар. А тІур куэдрэ зэпсэлъащ. Хьэутий Къармэм, апхуэдэ ныбжьыщІэ зэфІэкІ зыбгъэдэлъхэм я деж ди литературэм и къэкІуэнур щиІыгъуарти, яжриІэр фІэмащІэу псалъэрт. ИтІанэ Дудар Хьэутийрэ Къармэ Іэуесрэ нэгъуэщІ зыкІи зэщхьт: тІури кІыхьт.

Пльагъэт, жьзмыІэу, кІыхьт жьзоІэ. Езы Хьэутий апхуэдэут зэрыжиІэр. ФепІлъат абы и гушыІэхэр зэрыт тхылъхэм ящыщ зыми, 1977 гъэм кьыдигъэкІауэ щытам зэрыщитхым: «КъулькъужьИм нэхърэ нэхъ кІуажэ кІыхь Бахъсэн районым дэнэ хъэна, республикэ псом иткъым. А кІуажэшхуэм сэ сыкъыІэзэрыщалъхуам шэч кьыщыІетпхьэн лъэпкъ щыІэкъым. Сыту, жьлпІэмэ, сэр нэхъ лІы кІыхь къэгъуэтыгъуейт... И щхьэпхэтІыгумкІэ уафэ лъащІэр итхъунщІу зы лІы кІыхь гуэр фыкъуэзмэ, ар сэращ».

- Сэ сыкІыхь щхьэкІэ, кІэщІу сотхэ, - жиІэрт мо гушыІэрейм.

- КІэщІу сытхэми, кІыхьу согупсыс... ЩыІэщ зы псалъэ цІыкІу сфІэкІуэду махуэ псо сыщыІтыхьуэ!

ЦІыхум зыгуэркІэ утепсэлъыхьын хъуамэ, псом япэу уигу къэкІыр зыщ: сыткІэ щхьацкъэщыкІрэ-тІэ Дудар Хьэутий и творчествэр, и тхыгъэ псори адрей тхакІуэхэм я Іэдакъэщ!эхІэхэм? Псом япэу, уи гуэр фыкъуэзмэ, ар зэрытхэрщ. Хьэутий нэхърэ нэхъ кІэщІу Іуэ зэрытхэрщ. Хьэутий нэхърэ нэхъ кІэщІу Іуэ зэрытхэрщ. Хьэутий и адыгэм тхакІуэ диІэкъым, игъащІэми диІакъым. Ар гу лыбэтэ япэ дыдэу 1964 гъэм кьыдигъэкІауэ щыта «Си пащІэр» тхылъ цІыкІум и дежь кьыщыщІэдзауэ и дэтхэнэ зы тхыгъэм укъеджэми. Дударым и гушыІэхэмрэ ауанхэмрэ зэрыт тхылъхэр езыхэри инкъым, ярытхэми тхылъымпІэ напэ зытІущ нэхъыбэ хьу яхэткъым.

Дудар Хьэутий и творчествэ и гъащІэ адрейхэм я кІащхьэщыкІыу жыпІэмэ - гушыІэр. Жанр куэдым щылажьэрт тхакІуэр. Абы къыщІэнащ рассказхэр, пьесэхэр, усэхэр, уэрэдхэр. Дэтхэнэри кІащтэ - гушыІэ зыхэмылъу зыри ирихьэлІэныкъым. Аращ абы и тхыгъэхэр ягу щІрихьри.

Сыт хуэдэ цІыху куэд театрым екІуалІэрэт Хьэутий и пьесэхэм къытращыкІа спектаклхэр щагъэлъагъуэкІэ! Сэ япэ дыдэу сызэплъар «Зэгъунэгъуит!» жыхуиІэрат. Къуажэм дыкъикІри деплъауэ арати, Мамэ КІуТІатІэ фІэкІа Іуэху яІэжтэкъым цІыкІуи ини. Пьесэ куэд иІэщ Дударым театрым щагъэувауэ. Абыхэм яхэткъым удихьэхыу уэмыплъ. Куэдри щагъэуващ нэгъуэщІ щІыпІэхэми. «Нэчыхьытх» пьесэм къытращыкІа спектакль гъэщІэгъэнэхэр, псалъэм папщІэ, Къэрэшей-Шэрджэсми, Адыгеими, Дагъыстэнми щагъэлъэгъуауэ щытащ.

Куэд кьыщІэнащ Дударым тхыгъэ зэмылІэужьыгъуэхэу. И пьесэхэм нэмыщІ, абы тхылъи 10 кІуртхэгъэкІат. И псалъэхэр зыщІэлъ уэрэдхэр нобэми концертхэм щагъэзащІэ, радиокІэ, телевизоркІэ къат...

«Си щхьэр зыхуэзгъэщхъ тхылъеджэ, мы си тхыгъэхэр фигу ирихьауэ сщІамэ...», жиІэу кьригъажьэу и рассказхэмрэ ауанхэмрэ псалъэпэ хуищІауэ щытащ Дударым и тхылъхэм ящыщ зыми. Абыи жэуап гъащІэм щигуэтащ - ирохь тхылъеджэхэм ягу Дудар Хьэутий и тхыгъэхэр.

ХьэХ Сэфарбий,
тхакІуэ.

Куэдрэ къохъу махуэ къэс узыхуэзэ, шыгъупІастэ зыдэпшь цІыхур къызэрыгуэкІыу зэрыщымытыр зыхьыумыщІэу, уеблэмэ хуэфащэ пщІэ щыхуумыщіи щыІэщ. Абы и гушыІэ дахэхэм апхуэдизкІэ уосэжри, уи гур щызу уагъэдыхьэшхьи дэнэ къэна, ауэ уи Іупэр зэтрамыгъэжу ущекІуэкІи къохъу. Ауэ щыхъукІи ар нэгъуэщІ зыгуэрым жиІэу зэхэпхмэ узэгуэуду удыхьэшхынщ.

АПХУЭДИЗУ уэр-сэр дызыхуэхъужа цІыхум и инагъыр кьыщыдгурыІуэжу, ди Іэфракіэм дыщедзэкъэжыр ар щытхэмытыжым дежщ. Аращ щыжиІэр: «ЩІэдиІэм тлъытэркъым, тфІэкІуэдамэ, догъыж». А гупсысхэм ухуашэ Дудар Хьэутий и гугъу ящІу къраГъэжьа нэужь.

Хьэутий и щІэ-унэщхІэ сэ куэд щІауэ сщІыхьэт, ауэ езым дэрэ цІыхугъэ дыщызэхуэхъуар 70-нэ гъэхэрщ. Абы щыгъуэ сэ Дударым и пьесэм къытращыкІа «Нэчыхьытх» спектаклым сеплъат, и гушыІэхэмрэ ауанхэмрэ седжат. А тхыгъэхэм кьаІуатэр зыт: Хьэутий иІэт къыбжиІэн. ТхакІуэм и гушыІэхэр щабэу цІыхухэм еущиерт, «мыр фІыщ, мор Іейщ» - кьикІыу. И ауанхэр зыхуэгъэзахэм щысхьынщэу ехъурджэуэрт, апхуэдэу пщІы хъурэ, ар щыуагъэшхуэщ, дяпэкІэ абы къытебгъэзэнкІэ Іэмал иІэкъым, жыхуиІэу.

ГушыІэхэр, ауанхэр цІыхухэм я гум, я псэм хэгъуэзат, ахэр цІыху гъащІэм ехьэлІат, тхыдэ гуэр кьаІуатэрт. Мыхьэнэ зиІэу ныкъэплъытэ зыпу дэтхэнэ тхыгъэми лъабжьэ хуэхъур гъащІэ кьекІуэкІыкІэрэ тхыдэрэщ. Ахэр хэмылъмэ, тхыгъэр псалъэ тафэтелэрэ гупсысэ зэпэжьжьэхэмкІэ гъэщІагъэуэн пщІын уи гупсэу зэбгъэпсІами, зэрыубыдырхьым, зэкІэрощІащьж. Абы кІыхьу уеджа пэтми, зы псалъэ е зы гупсысэ кІапэ уи гум къимынэу йобззхьыкІыхь - тхыгъэр гуми псэми дыхьэркъым. Ар къыгурыІуэу псэуащ икІи лэжьащ Дудар Хьэутий. Абы и тхыгъэхэм лъабжьэ яхуэхъур гъащІэ Іыхьэщ, цІыхум и ІуэхущІафэхэри, и кьекІуэкІыкІари, тхыдэм и лъэхъэнэ гуэрхэри кьыхэщу. Ар абыхэм уеджэнкІэ ущыдгихьэхыр, уеджа нэужьи уи гум кьыщІинэр.

Зэныбжьэгъуэхэр зэгъуэгу. *1940 гъэ*

Шортэн Аскэрбий ящІыгъуу Налшык паркым зыщагъэпсэху. *1966 гъэ*

Хэт зыщІар?

Ди анэм и дыщэ бгырыпхым зы Іунэ цІыкІу кьыпкІауэ ислъхьэжу сыщІст. Абы хэту илъэсищэ зи ныбжь ди гъунэгъу нанэр кьыщІыхьащ. Зяужь ситыр фІыуэ зригъэщІа ноужь, ар кьызэуупщІащ:

- А, тІо, мы бгырыпхыр уи анэм хэт хуэзыщІар? - жиІэри.

Нанэ щыгъупщэхрэ жьІэзыфІэщрэ зэрыхъуар сигу кьэкІыжри:

- Мы бгырыпхыр, нанэ, ди анэр кьыщамышэм щыгъуэ сэ хуэсщІауэ щытащ! - жысІэри сыдэгуэшІащ.

- То-о-бэІ.. Алыхьраз кьыпхухъуи, си тІасэ! - жиІэри нанэ си щхьэфэм Іэ кьыдилъащ

Лектор

Зэгъуэрым зы лектор ди кьуажэм кьакІуэри, сыхьэт енкІэ лекцэ кьытхуэждащ, тутынэрэфІэкІ зэрыщагъэр зэрыгъэм теухуауэ. Лекцэр апхуэдизкІэ лІыхэм ягу хьихьати: «Абы иужькІэ хэт тутын ефэми, цІыхугъэ иІэкъым!» - жаІэурэ куэд зэІущащэрт. Уеблэмэ, щІэкІыжьхэу пэмыплъэу, языныкъуэхэм я тутын пашкІэхэр кьрахьауэр зэфІаІуэнтыкІащ.

Лекторыр псэлъапІэм кьыщьехыжьым и Іэпхъуамбитыр кьишиящ:

- Ныбжьэгъухэ, зы тутын севгъафэт! Сыхьэт хуэауэ сефатэкъыми, сэ тхьэкІумитІыр кьэбэгащ!

Іейкъым, фІыкъым

Фэри абы Іэджэрэ гу лъыфтагъэнщ: зы лІы закъуэм езыр кьыІэзэкІа лъэпкъ псор ІейкІэ е фІыкІэ цІэрыІуэ щищІ! кьэхъу. Мис апхуэдэлІщ АжэжьокъуэТіраш. Абы нэхърэ нэхъ щхьэхынэ уафэмрэ щІыльэмрэ яку дэту кьыщІэкІынкъым. АпхуэдизкІэ щхьэхынэщи, ТІраш и гъащІэр мылажьэу ирехьэкІ. Зэрымылажьэм кьыжьэкІыуи, кьулейсызу мэпсэу.

«Дауэ ущыт, ТІраш?» - жыпІэрэ уеупщІмэ: «Іейкъым, фІыкъым!» - жи. Абы и жэуапыр кьызыхэкІым фэри гу лъыфтагъэнщ. «Іейкъым!» - жыхуиІэр мылажьэу зэрыщысырщ, «фІыкъым!» - жыхуиІэр Іуджэ-Іуцэу зэрыпсэурщ.

Иджы абы щхьэкІэ, ди кьуажэм щыщ гуэр хуэзэзу: «Дауэ ущыт?» - жыпІэрэ уеупщІмэ, ауан хэлъу жэуап кьуитыжынщ: «Ажэжьокъуэм и Іэхъум хуэдэщ: Іейкъым, фІыкъым!».

Зризгъэжейуэ зесхьэрт

Мусэрэ Іэсиятрэ зыбжанэ щІэныпІэт, куэд дэмыкІыжуи зэрыщэну пІалъэ зэратат. ТхакІуэ ныбжьыщІэ Фэгъур ТІрон абы фІыуэ щыгъуазэт. Апхуэдэу щыт пэтми, абы а тІум я кум хьалъэу зыдиукІат. ТІрон егъэлеиуэ хъыджэбзым хьэщІыкъ хуэхъуат. Іэсияти абы гу лъитати, щІалэм и жагъуэ хуэщІыртэкъым. «Езэшмэ, скІэрыхуэжьнкъэ!» - жиІэрт хъыджэбзым игукІэ. Ауэ, кІэрыхуэжьым дэнэ къэна, ТІрон Іэсият и лъэмбым ипкІэу кьыкІэлІэукІухьырт. Хьэщыкъ зыхуэхъуэ хъыджэбзым и гумрэ и псэмрэ дыхьэн папщІэ ТІрон зэрымыхьэ сэфэт кьигъанэртэкъым.

Зэгъэр Фэгъур ТІрон и япэ тхылъ цІыкІу гуэр кьыдэкІащ. «Ўэращ си псэр зыхьэхуар» - арат тхылъ цІыкІум зэреджэр. Апхуэдэ дэрэжэгъуэ щимыІэжэм деж Дэтхэнэ зыми абы бзэ кьыхуигъэтырт, ныбжьэгъур и Іуэнжэт.

КьызжиІауэ щыта куэдым ящыщу мыри сигу кьынащ. 1951 - 1952 гъэхэм, къэрал хабзэхэр щыткІий лъэхъэнэти, махуэ псом сТолым пэрыса журналистхэр пщыхьэщхьэм нэхъ гуваюэ редакцэм щызэхэзыжу, жэщыбг хуэру щІэсын хуейт. Махуэм ятхахэр машинисткэхэм традзэмэ, абы хэпльэжу ятын, е пщІдей хуэдэм кьыдэкІыну газетым я ІэдакъэщІэкІ хэтмэ, абы еджжьын хуейт. Стхыуэ машинисткэм естар трамыдзауэ пщыхьэщхьэм сыкъыщирихьэлІэжкІэ, сэ тІэкІу зыскъэнщІу хьэщІэкІынт. Дударым итхахэр сыт щыгъуи япэ традзэрт. Зэхэгъэж ящІ жысІэу сыщыгубжьым, Хьэутий щэху цІыкІу зищІри кьыІэжиІаш: «Абыхэм уащьхьэмэ, ерыщ екІуэнуц. Уи тхыгъэр щдхуэпсэкІэ, тІэкІу ядэгугъыІэ, я лэжьыгъэр зэрыгугъир яхуэгъэщІагъуэ, я цІэр щыжьыпІэкІэ умыщьхьэхыу «чкэ» пыгъэувэ. Пэжу а «чкэ»-р зыпымязагъэ цІэ зырызи кьахэкІырт, ауэ Хьэутий и чэнджэщыр нэрылъагъуу сэбэрт.

Дудар Хьэутий езым и тхылъхэм ящыщ зым зэрыщитхыжамкІэ, мы птхы кьомыр дэнэ кьиихрэ жиІэу зыгуэр кьеупщІати, фэ кьызжефІэхэмрэ сывгъэльъагъэмрэ стхьжу архъдейщ, жриІэжащ. Ар пэж дыдэт. ТхакІуэр сыт щыгъуи и цІыху узрым хэтащ, псэлъэгъу куэд иІащ. Газетым щыщылэжьа зэманым ар зыхуэмызэ, зэмыпсэлъа унафэщІ е лэжьакІуэ пашэ, мызэ-мытІэу здэщІмыІа хозяйствэ къэгъэтыгъуейт. Ар набдзэгубдзаплъэу цІыхухэм я хьэл-щэным кІэльыплъырт, яІурылъ анэдэлъхубзэм и дахапІэмрэ Іэфыпіэмрэ зригъащІэрти и тхыгъэхэм Іэпкъльэпкъ яхуищІырт, псэуи яІурылъдырмэжырт.

Дударым итха псом я щхьэу кьысфІощІ «Нэчыхьытх» пьесэр. Абы къытращыкІа спектакль тельыджэр адыгэхэм я комедие нэхъ гъэщІэгъуэнхэм ящыщ зыуэ къэплъытэ хъунущ. Щхьэхъуэ урикъунщ ар ди адыгэ театрым и утыкум илъэс куэдкІэ зэрыщагъэлъэгъуар икІи я щІэщыгъуэр имыкІыу цІыху куэд зэрепльар. Пьесэм хэль гушыІэ дахэри, ауан гуащІэри, и бзэм и шэрыуагъри Хьэутий цІыхубзм къабгъэдихри икІи абы яритыжащ.

Зи щІалэгъуэр зауэм ирихьэлІахэм ящыщщ Дудар Хьэутий. И щхьэкІэ хэмытами, абы и гугъуехьри мымащІэу кьыжьэхэуащ. И псэкІи, и фэкІи игъэващ а псори. Сэ сыщыгубжьэщ жагъуэгъу гуэрхэм кьыкІэщІатхьыха письмо щхьэм папщІэ Хьэутий кьайгъэ куэд зэрыхагъэтам. Ауэ, кьыкІэралъхьар пцІыти, лъабжьэ яхуищІэгъэувакъым, кьрафыгъуІэ редакцэ лэжьыгъэри абы щхьэкІэ ибгынакъым.

ГъащІэр гъащІэщ, насыпыр Іыхьэ мыгуэшщ, уи натІэм кьритхам уфІэкІынукъым. Дудар Хьэутий мыпсэужми, лъэужь дахэ кьигъэнащ, арауи кьыщІэкІынщ цІыху насыпым и Іыхьэ нэхъыщхьэр.

КЪЭРМОКЪУЭ Мухьэмэд,
КъБР-м и цІыхубэ тхакІуэ.
2001 гъэ

ДУДАР Хьэутий

Зэныбжьэгъуэхэр зэгъуэгу

Ди анэм и дыщэ бгырыпхым зы Іунэ цІыкІу кьыпкІауэ ислъхьэжу сыщІст. Абы хэту илъэсищэ зи ныбжь ди гъунэгъу нанэр кьыщІыхьащ. Зяужь ситыр фІыуэ зригъащІа ноужь, ар кьызэуупщІащ:

- А, тІо, мы бгырыпхыр уи анэм хэт хуэзыщІар? - жиІэри.

Нанэ щыгъупщэхрэ жьІэзыфІэщрэ зэрыхъуар сигу кьэкІыжри:

- Мы бгырыпхыр, нанэ, ди анэр кьыщамышэм щыгъуэ сэ хуэсщІауэ щытащ! - жысІэри сыдэгуэшІащ.

- То-о-бэІ.. Алыхьраз кьыпхухъуи, си тІасэ! - жиІэри нанэ си щхьэфэм Іэ кьыдилъащ

Лектор

Зэгъуэрым зы лектор ди кьуажэм кьакІуэри, сыхьэт енкІэ лекцэ кьытхуэждащ, тутынэрэфІэкІ зэрыщагъэр зэрыгъэм теухуауэ. Лекцэр апхуэдизкІэ лІыхэм ягу хьихьати: «Абы иужькІэ хэт тутын ефэми, цІыхугъэ иІэкъым!» - жаІэурэ куэд зэІущащэрт. Уеблэмэ, щІэкІыжьхэу пэмыплъэу, языныкъуэхэм я тутын пашкІэхэр кьрахьауэр зэфІаІуэнтыкІащ.

Лекторыр псэлъапІэм кьыщьехыжьым и Іэпхъуамбитыр кьишиящ:

- Ныбжьэгъухэ, зы тутын севгъафэт! Сыхьэт хуэауэ сефатэкъыми, сэ тхьэкІумитІыр кьэбэгащ!

Іейкъым, фІыкъым

Фэри абы Іэджэрэ гу лъыфтагъэнщ: зы лІы закъуэм езыр кьыІэзэкІа лъэпкъ псор ІейкІэ е фІыкІэ цІэрыІуэ щищІ! кьэхъу. Мис апхуэдэлІщ АжэжьокъуэТіраш. Абы нэхърэ нэхъ щхьэхынэ уафэмрэ щІыльэмрэ яку дэту кьыщІэкІынкъым. АпхуэдизкІэ щхьэхынэщи, ТІраш и гъащІэр мылажьэу ирехьэкІ. Зэрымылажьэм кьыжьэкІыуи, кьулейсызу мэпсэу.

«Дауэ ущыт, ТІраш?» - жыпІэрэ уеупщІмэ: «Іейкъым, фІыкъым!» - жи. Абы и жэуапыр кьызыхэкІым фэри гу лъыфтагъэнщ. «Іейкъым!» - жыхуиІэр мылажьэу зэрыщысырщ, «фІыкъым!» - жыхуиІэр Іуджэ-Іуцэу зэрыпсэурщ.

Иджы абы щхьэкІэ, ди кьуажэм щыщ гуэр хуэзэзу: «Дауэ ущыт?» - жыпІэрэ уеупщІмэ, ауан хэлъу жэуап кьуитыжынщ: «Ажэжьокъуэм и Іэхъум хуэдэщ: Іейкъым, фІыкъым!».

Зризгъэжейуэ зесхьэрт

Мусэрэ Іэсиятрэ зыбжанэ щІэныпІэт, куэд дэмыкІыжуи зэрыщэну пІалъэ зэратат. ТхакІуэ ныбжьыщІэ Фэгъур ТІрон абы фІыуэ щыгъуазэт. Апхуэдэу щыт пэтми, абы а тІум я кум хьалъэу зыдиукІат. ТІрон егъэлеиуэ хъыджэбзым хьэщІыкъ хуэхъуат. Іэсияти абы гу лъитати, щІалэм и жагъуэ хуэщІыртэкъым. «Езэшмэ, скІэрыхуэжьнкъэ!» - жиІэрт хъыджэбзым игукІэ. Ауэ, кІэрыхуэжьым дэнэ къэна, ТІрон Іэсият и лъэмбым ипкІэу кьыкІэлІэукІухьырт. Хьэщыкъ зыхуэхъуэ хъыджэбзым и гумрэ и псэмрэ дыхьэн папщІэ ТІрон зэрымыхьэ сэфэт кьигъанэртэкъым.

Зэгъэр Фэгъур ТІрон и япэ тхылъ цІыкІу гуэр кьыдэкІащ. «Ўэращ си псэр зыхьэхуар» - арат тхылъ цІыкІум зэреджэр. Апхуэдэ дэрэжэгъуэ щимыІэжэм деж ТІрон зы щІалэ бэлыхь гуэру хъыджэбзым зыкъыщигъэхъуну хэтт. Иджы ар ауэ кьигъэнэжынт?! ТІрон тхылъ цІыкІур Іэсият фэеплъ тыгъэ хуищІащ: «Си унаІуэ уныщихьэну махуэ г

● ЩэныгъэлIым и псалъэ

Гуауэм и гъунапкъэр

Къобэрдеипщкэр. *XVIII лIэщIыгъуэ*

Адыгэ дзэзешэ. *Сурэтыр* **Уильям Аллан** *ищIащ. 1843 гъэ*

ПщIэ ЗЫХУЭСЩI си лъэпкъэгъэх, си хэкуэгъухэ!

«Джаур зауэжькIэ» лъэпкыр зэрджэу насыпыншагъэу щыIэр къыщIттепсыха Урыс-Кавказ зауэм куэд тетхыьащ, куэди тражыныкащ. Илъэсищэ зи кIыхьагъыу къытхущIэкIа махуае бзаджэм кIыракIуар зы бжыгъэ закъуэкIэ къыпхуэIуэтэнущ: адыгэу пщIы къэс бгъур хэкIуэдащ абы, я адэжь щIынальэм залымыгъэкIэ ирагъэкIащ.

Абы лъандэрэ лIэщIыгъуэрэ ныкъуэрэ блэкIами, нобэр къыздэсым дызоупщIыж: мы щхьэкIуаем дауэрэ дыхэхуа хъуа, хэт дыхэзыдзар? Мыпхуэдэ упщIэ «мыхьэнэншэхэмкIэ» ди щхьэр фIэдмыудыжьын щхьэкIэ, жэуап хьэзырхэр совет тхыдэтхэжм къытхуагъуэтауэ щытащ. Абыхэм зэрыжаIэмкIэ, ялрауэ, хуэаншэр дэрат, бгырысхэрт. Динырылажьэхэм я псалъэм зыдедгъэхьэхри, «дэ тхуэдэ мусЫыемнэхэм дахэсу дыпсэунщ» жыпIэри, зэрыпIэпхэыу зытщтэри Уэсэмэн пащтыхьыгъуэм дыIэпхъуауэ арат. ЕтIуанэрауэ, урысым сытыр я лажьэт, Урысей къэралыгъуэми дауэ гукъанэ хуэпщIын? Лажьэ зиIэр урыс пащтыхьымрэ абы и блыгуцIэтхэмрэт.

Ди Тхьэу Тхьэшхуэ! Мис мыбдежьым удэпIэнумэ, къеблагъэ! Адыгэ лIыжьыр щIопщкIэ зэпахуылкIыу къуажэм къыщрашэкIыу ткакIуэм ди пащхьэ къригъэувэрт, «мылЫхуэжьныр пщыжь-зэркъыжьхэм къахукIыу», - жаIэрти, абы уэрэдыр къыпагъэувэжьырт, лъэпкъым щIусам хэта «къэзакъ фызхэр» псалъэкIэр апхуэдэу зэрахъуэкIырти. Дэри, октябрятхэм, пионерхэм, комсомолхэм, дигуэр губжьым зыщIищтэрт, «пщы, уэркъ» жаIэм, IэпщцылаикIуэхэмрэ лъыифхэмрэ ди къуажэм щыIэуэрт...

Сыту егъэлеяуэ дагъэпудрэ дэ мыпхуэдэ Iуэху еплъыкIэхэмрэ гупсысэхэмрэ, сыту яхуэмыфащэ мыхэр зи адэжь щIынальэм зи псэр щIэзытахэм!

Ди адэжьхэм Джаур зауэжьым щагъэнар къэтщIэн щхьэкIэ, дэ дэлэл дыхуеийкъым. Адыгэшхэм фынэшэс, шыныбэпхэхэр щIэфкъуэн, лъэрыгъыпсхэр нэхъ кIэщI дыкъэщI, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, ди гуауэм и гъунапкъэр къэтлъагъун щхьэкIэ, уанэгъм зитIэтыкIыу тенджызым дызэпыплъын хуейщ... Хэхэс хъуа ди нэхъыжьыфIхэм я щIалэгъуэмкIэ дыкъэгъэзэжи езыхэм жаIэм дегъэдаIуэ. Дэнэ щызэхэтхыжьнур абыхэм я макъыр? Шэч хэмылъу, адыгэ Iэрыпсыратэкъэ. КъэдгъэтIэщIыжьыт ар дыкъэгъуэгу.

Хэтыт дэ зауэр къыдэзыщIылIар?

«Урысым и пщышхэр ди щIыгум къыхуолIэ,
ЛIыгъэр зэтрахыу жаIэурэ, зауэр къыдащIылIэ,
Ар къыдэзыщIылIэ гущэри мелуанищэм щIегъур,
ЗращIылIа лъэпкъыр Iэбжьыб хуэдиз мэхъу».

Дэ къыдгурыIуэрт къэрал псо, къэралышхуэ кIэзэрытпэщIэтыр:

«Къэралыр ди ныкъуэкъуэгъуи, къыдащIэр дэ ди мылажьэ».

Иджы, дапхуэдизрэ кIыпэдмыкIухьами, дапхуэдизрэ зыщIыдмыдзеями, зы Iэхугъуэ дытемыпсэлъыхьу тлъэкIынукъым. ИлъэсищэкIэ кьеезуэа лъэпкъыр зищIысымрэ абы и фIэщыгъэщIэмрэ ди адэжьхэм къызэрытхуагъэнамкIэ ахэр емыкIу щIын хуейуэ пIэрэ? Хьэмэрэ «пащтыхьым и зэранкIэ дапхуэдиз хьэзаб адыгэхэм ятемыпIьами, ди лъэпкъым зэи урыс лъэпкъым и бийуэ зибжакъым, икIи урыс лъэпкъымрэ пащтыхьымрэ зэи зыуэ игъэIуэакъым» жыпIэу иджыри абы къэдрэ дытетыну пIэрэ? Хьэмэрэ мыпхуэдизу зыдгъэпудыжкIэ нэгъэущI лъэпкъэм я деж лъапIэ дыщыхьуну пIэрэ? Хэт атIэ адыгэхэм кьеезуар? Мыбыхэм я фIэщыгъэщIэхэм аффикс «жь» япытщ, зэрыщIэнакIэр къагъэлъагIуэу: «урысжьхэр», «хьэзакъыжьхэр», «джаурыжьхэр», «сэлтэпжьхэр». «Урысжьжу кьуентхыьм щыгугъэхэр» жаIащ, «мыр джаурщи, ди ныкъуэкъуэгъуэм дагъалIэ» кIэлъыжаIэжащ.

Мы джаур зауэжьым дэ тIэунейрэ дыщаукIащ. ДытIэуплIт. Дапхуэдэ щIыкIэу япэу даукIа? Адэжь щIэину дыезытепсэукI щIыгур пабзыкI зэпытурэ, фальэшхуэм итыр фальэ щIыкIым Iэмалыншэу ирыдагъакIэурэ къыдэхуэр ирыдагъэфыжащ. Гъавэ щытщIэну щIыгу къытхуагъэнакъым, ныжькърей Iэщагъэу дэ къыддэгъэгуркIуэхэрати, шыр, мэлыр, бжьэр зытехуькIын хьупIэ драгъэIэжакъым, жыг Iэрысэхэр щыдгъэкI джабэ нэкIу дыгъафIэхэр ирагъэсыкIащ. Псом нэхъыщхьэрати, адыгэр бгъуэну, щIэблэ къыщIэхъуэну гъуэтыгъуэ ирагъэIэжакъым, дыкъэзыухъуреихь лъэпкъхэм щапхэ зытракIыу щIыху зэхэтыкIэ дахэм - хабзэм - дытрагъэтыжакъым.

ИкIэм-икIэжым, илъэсищэ зауэр (1763 - 1864 гъ.гъ.) екIуэкIыху, хьупхъугъэу лIэужь (поколение) зыбжанэ къэхъуащ зауэм фIэкIа нэгъуэщI Iэщагъэ щыIэу ямыщIэу. Мыр фIы дыдэу къагурыIуэрт ди адэжьхэм, «щIым и пIалъэ гущэ зыщамыщIэжьым» жаIэу я щIыгум щыхужаIам. Девгъэдаiуэт абыхэм адэкIэ.

«Уэр ди ныбжьмэ дызытеса щIыгумрэ
Ар ди ныбжьым кьетхуэкIа шыбзымрэ
Къэзакъыжьхэм щыттрас махуэм
Ар арбзм и бжьэпэурэ ди кхъэлъаэхэри,
Ар Ахъмэтыбгъурэ ди фощIапIэри,
Урысыжьми къащыхуэна махуэми
Уэр къэзэуатклэрэ зыдвгъэгъалIэ!»

НэгъуэщI къытхуэнэжу пIэрэт дэ? АдэкIэ къыщыпыдвгъащэт.

«Къурей губгъуэурэ ди мэл хъупIэхэр щыдимыIэжкIэ,
Сотей щхьэпцIанэурэ ди шы хъупIэр щытIэщIахакIэ,
Къэзэуатклэрэ зыдвгъэгъалIэ!».

«Гумыпсурэ хьэмрэ кхъуэмрэ ирамыфыжыр
Къэзакъ сотнэ гущэм къытпаубыдтэрэ».
«Iугуъуаер къытхихыу бжьыхьэпэ къэс дагъэс,
Яжьэм дыхэпэщэщыхьу гъатхэр къэсыжмэ допсэу».

Мыпхуэдэ щIыкIэу зэ «даукIащ», «дагъэлIащ». Мыр къыщыдащIэм, адэкIи къытхуащI ди унафэу дыпсэун хуейт е зыдгъэлIэн хуейт. Сыт-тIэ кхъэхтар?

Клинген Н. Н. егх: «Адыгэхэм фIыщIу я хэкуэ ятпэгъурт, ауэ ахэр тафэ псыпщIэхэм темытIысхьэу хуадэртэкъым. Я хэкум нэхърэ нэхъыфIыжу, егъэлеяуэ абыхэм щхьэхуитыныгъэр фIыуэ ятпэгъурт. Абыхэм къапэщIытI е сыткIи арэзы хьунхэу, е загъэлIэну. Абыхэм лIэныгъэр кхъухахащ. Я гуусэу лIащ илъэс минкIэрэ зэфIагъэува щэнхабзэри».

Арати, лIэным и Iэхэр щIынэсым, гуузщ мыр жыпIэну, ауэ я зэманым екIуэрэ ещхьу ди псэр зэрыттын щэнхабзэшхэ зэфIэдгъэуважэт. Дривгъалплъэт псалъэжь къудейхэм: «ПIэным лIыгъэ хэлъщ»; «ПIэныгъэм нэхъ емыкIым нэхъ фIэлIыкI»; «Улын - зы, улэн - тIу»; «ЛIыгъэр ажалым щыщтэркъым»; «ГъащIэр зы напIэщ, напэ ямыIэу улIэжмэ, упсэхэлIэщ»; «Ныжькърей хъуэн нэхърэ зы махуэ гъащIэ»; «Псэр тыи напэр къащтэ».

Адыгэм напэр ихьымэн щхьэкIэ, куэдрэ емыгупсысу гъащIэр итынут. Мы зэхэгъэкIыпIэм ихуа лIыхьужьхэм я гупсысэм ущрихьэлIэкIэ, уегъэгупсэ, уегъэгумэщI.

«Ажагъуейхэ я Фэрдаусыр
ДаныскIуейм кIэсу щыдахым,
ДакIэлъэплърэ - пщащэр долъагъу.
Идогъэхьри - жылэм ди хъуэнщ,
Едмыгъэхьым - дыкъаукIынущ,
Догъаазэри - ди напэр токI,
ДаукIри - ди бжэр хуащIыж, -
ЖеIэри уэркъ щауэр хогупсысыхь.
Ди ныбжькIэ зэ дылIэжьынущ,
ДаукIми, дыкъэзэуатщ, - жеIэри
Негъаазэри дзэшхуэм нахоуэ».

Цыхум къыхужаIэнум куэд тришIыхьу щытащ адыгэм. Зауэ IэнатIэми мы хабзэр «щылажьэрт».

«ДыIуохьэри, даукI, дыIуокIри, дауб,
Даубынущ жыдоIэри, дыIуохьэри - зыкъыдогъэукI». Фимыгугъэ цIыхухъухэм я закъуэу джаур зауэжьым Iэщэ къызригъэщтар.

«Дэ, бзылъхугъэхэм ди мыхабзэу
фочыпIэбжкIэ драгъэзащ»,
ЖеIэри сытыгъаззу зезыгъэукIыр
Щоджэнхэ япхуэу Гуащэхъурейщ».

«Сэ сыт папщIэкIэ зыхъэгъэнрэ? - ЖеIэри къигъаззу зезыгъэукIыр
Шырыхъум фэ фи гуащэфIщ».

Адыгэ бзылъхугъэм иIа пщIэмрэ нэмысымрэ зыщIэ щIалэхэмкIэ абыхэм лей къатехьэр гутехуэгъуейт.

«Бзылъхугъэр лъэхъум щизашэкIэ зэрыгууз!
Къигъаззу зезыгъэукIыр
Нартыжьым фи Хьэжы дахэщ».

Мыпхуэдэ зауэлI, зекIуэлI-зекIуэшым и дуней тетыкIэмрэ еплъыкIэмрэ щIэбгъэбыдыхьыж хъунущ а гъащIэм кхъухэкIа псалъэжькIэ: «Уи жажалкIэ дунейм уехьыжыр - лIэныгъэщ, лIэгъуэджэу гъащIэр бухьиныр - уахъытынщэщ».

Урыс-Кавказ зауэм диным теухуа теплъэгъуэ куэд кьыхощ. Мыбыхэм дакъытемывыIэу хъунукъым. Псом япэу тегъэныныхьауэ зы Iуэхугъуэ белджылы сщIыну сыхуейщ. Сэ адыгэ Iуэрыпуатэм илъэс 22-рэ хъуауэ солэжьри, абы ущрихьэлIэркъым дн Iуэхуэкъ IупщIу лъабжьэ зыхуэхъуа образ къэгъэщIыкIэхэм. «Мыпхуэдэу сщIымэ, жэнэтым сыкIуэнущ, мыпхуэдэу сщIымэ, жыхьэнмэм сыкIуэнущ» жыхуиIэ гупсысэ лъагъуэм ирикIуэртэкъым адыгэ лIыхьужьхэм я гупсысэр. Я псэр щыхэкI дакъыкъэхэм ахэр зэгупсысыр уэрэдым, и зы едзыгъуэм нэхъ мыхъуми, кьыздрыюнэнэныр. Я щIэр мы дуней дахэмрэ щIэблэмрэ къыхуагъанэу напэ хужькIэ зыздрихэ щыIэхэм ябгъэдыхьэжьын щхьэкIэ, щыту загъаIэрт абыхэм. Адыгэ дуней еплъыкIэрэ адыгэ хабзэкIэ щыз ди лъэпкъым сыт хуэдэ динри сыт хуэдэ зэманми и гущIыIуэ къэкIуакъым. Сыт хуэдэ динри адыгэпсэрэм адыгэгумрэ кьызэримыщтэм и мынэщэнэу пIэрэ мы псалъэжьхэр: «Диныр ихьэ-икIщи, укъызыхуэнэжьныр уи лъэпкъщ»; «Гушхуэ Тхьэшхуэ и жагъуэщI!». Кьысхуэвгъэт иджыри зы лъэпкъ мы дуней дахэм апхуэдэу и гур уIыпщащэ тету!

Согъэзэж джаур зауэжьым теухуа уэрэдхэм. Мис мыбыхэм ислъам диным кьыхэкI гупсысэхэмрэ Iэуху зехьэкIэхэмрэ гъунэжу хэтщ. Ауэ, хьэлэмэтщ, цIыхур цIыхуу щызыгъат, ар цIыху хэтыкIэм хуэзэущI, дыкъэзыухъуреихь дунейм и теплъэгъуэхэр, н.къ. кьыбгурызыгъаIуэу ислъам диным бгъэдэлъ зэфIэкIхэракъым ди лъэпкъым къыщIэр. Диным и зы лъэныкъэущ Iуэрыпуатэм кьыхащыр: уи щхьэр, укъэзылъхуар, къэплъхуар, кьыбдалъхуар, уи лъэпкъэгъуэхэр, уи щIыгу пхъумэжьын папщIэ лъэпкъыр кьыз эщIэзыкъуэ Iэмалхэрщ:

«Къуажапщэ джабэмкIэ дэ деплъмэ, дыгъэр къыщопс;
КъуажэмкIэ дыкъеплъыхьыжмэ, Сабий хьэдэр фи псыхьэлъахуэщ;
Дэ дыжьлэкIуэдщ, къытхэкIуадэр шахьид нахуэщ».

«Дунеижь гущэмэ и къэлъэлъэжьыгъуэ гущэми
ЯукI гущэхэр щауиту къабзи».
«Мыр джаурщи, къытхаукIыкIыр шахьидщ».

«Дунеижьым щыдгъэщIэжьынум дыхуIэ! Дэ щаитурэ дызэрылIэнур нэхъыфIщI!»
ЙищхьэкIэ къэсхьат мыпхуэдэ псалъэжьэ:

«Диныр ылажьэхэм я псалъэм зыдрагъэшхри лъэпкъым зищтэри муслымэн къэралым кIуащ». Мыбы дыщIэзэгъэдзIуэхэм едзыгъуитI къудейкIэ саподжэк:

«Молэ ныкъуэу тхэтхэм уаз пхэнжхэр къытхуащIыр,
Дэ тхуэпсэу хуэдэу жаIэурэ, леишхуэ къыдахыр».

«Тырку къурIэнаджэр ди гум и жагъуэщ, Мыр зи Iэужьым бгышхуэ къытеуэ!
Ди гур къытауэ хэкум докIыж!»

Арати, теуващ псэууэ кьэнар Истамбул кIуэ - гъэгум. Дроздов Иван къытхуигъэна гукъэкIыжхэм дыхоплъэ: «ЦIыху акъылым къытIасэркъым дэ а гъэгум щытлъэгъуар: сабий, цIыхуб, лIыжь-фызыжь хьэдэхэр тезт, хьэныкъуэшх хуъахэу.

МэжэщIалIэмрэ узхэмрэ къаруунщ ищIа цIыхухэм я лъакъуэ къахуэIэтыжыртэкъым, ахэр иджыри псэууэ хьэ мэжащIалIэхэм яшхырт. Зи псэ пытыр зи псэ хэкIхэм егупсысыну эзман яIэтэкъым. Абыхэм езыхэм кьаплъэщлъыр узижагъуэнт: тырку кхъухьзехухэм ахэр хьэпшыпым хуэдэу ирилъхьэрт я кхъухьхэми, тIэкIунитIэ къэсымадджауэ гу зэрылъатэу, тенджжызым хадзэрт».

Гуэзвэгъуэм куэд кхъуегъэгупсыс. Я хьэдэхэр псым храмыгъэдзэн щхьэкIэ езы тыркухэм кьращэ пхъэбгъуэхэм хьэдэхэр трапхэрти, тенджжызым траутIыпщхьэрт. Зэм-зэм толъкъунхэм хьэдэхэр Iуфэм Iуихьэжмэ, зыгуэрым щIилъхьэну гугъэхэрт. Иныкъуэхэми хьэдэр зытепха пхъэбгъуэр нашэсыну мурад ящIыртти, я щIыбкIи ирапхэрт:

«Дэ ди хьэдэ пхъэбгъуэру Ди щIыбхэм апхаэр Ирыдагъэхыну жаIэурэ псори дагъэшынэ».

Тырку щIынальэм нэсахэр лъэпощхьэпоуэ зыIуахэр, лейуэ кьатехьахэр кьеттхэкIыну щIэддзэмэ, ар тхыгъэ щхьэхуэ хъунущ. 1995 гъэм Иорданием щыщ илъэс бгъуэщIым зи ныбжьыр щхьэдэха Ервас Ибрэхьим кьызэрызжиIамкIэ, ахэр зыIууар зы псалъэхауэ кьыпхуэIуэтэнущ: «Ди щIыгу кхъуэ щагъэхъунущ, жыгIэри дыкъыщIэпхъуэри, кхъуэ ныбэм дыкъихуащ».

Зауэр - зауэщ. Илъэсищэ зауэм кьриубыдэу зи лъэпкъ епщIыжахэри куэду кьытхэкIащ. Уи Iей щIыумыхъумэ...

ЕпцIыжакIуэхэм («жасусхэр» жаIэрт) я цIэр жамыIэу япэ зэманым хабзэ кIэлъыззэрахьэрт. *(«Адыгэш уэркъым уэркъ хашэркъым» жызыIэр дэратэкъэ)*. Я цIэр кьрамыIуэу я теплъэмрэ я IуэхущIафэмрэ тепсэлъыхькIэрэ, псоми кьарагъэщIэну пIэлъэт:

«Ди адэр уэркъти, дэ дымыхашэ,
Фыз къупцIэ нашэр зи пIэ щабащIэ,
Щхьэ фымыщIэрэ, къарэмырзей?!

Ауэрэ кIуэурэ, «хабзэр кьызыгурымыIуэм убзэ кьыфIощI» жызыIари дэратэкъэ, жасусхэм я цIэр нахуэу уэрэдхэм кьышцокIуэ:

«Зи гъащIэ шагъырыбафэ,
Щогъуруэ хьэ джафэжьитIым
Ди адэ и жылэр ятекIуэдат».

«Инэрал гущэм кхъуэлIр кьыщедих,
Натхъуокъуажэр щышыбым шуупэт
ТамбиикъуэкIэ ЛIыкIощI».

«Мы лажьэр къытфэзыхьыгъэ гущэри Хьаджэмыкъуэ Хьаджьыпщымаф гущэм ПщIэщъэ щысхэр фэрэмытэдж!»

Мыбыхэм псоми ятекIуэжащ Бекович-Черкасскэ лъэпкъ лъэрызехьэм я щIэж Фёдор Александровичыр. Мыр Ермолов Алексей нэхъыфI дыдэу илъагъу ащыотантт. Лабащхьэ дэса пщы Къэрэмырзэм и кIуэжэр щыщIэм кьригъэтIысыхьу гущIэгъунщэу зэтриукIэу игъэсыжа нэужь, мыбы щхьэкIэ Ермоловыр лъаIуат Георгий щихьым и оренп еплIанэ нагъыщэ зиIэр кратыну. «Теуэм лIыгъэшхуэ кьыщигъэлъагъуэу хуабжьу екъулIэныгъэ зэрызыIэригъэхьам папщIэ», - жиIэу итт лъэIу тхылъым.

Псом нэхърэ нэхъ кьэшхэм зыгъэпщтыкIэ Александр I ди лъэпкъэгъум нэхърэ нэхъ гушIэгъуэщI кьыззэрыщIэкIащ. 1825 гъэм фокIадэм и 29-м абы Ермоловым и лъэIум кьытритхат: «...Абы нагъыщэ гуэри еттыну хуэфащэхьам, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, гупсысэ хэлъу тэмэму кьежьа Iуэхур гущIэгъуншэу унагъуэ щищым щIигъу яуклауэ иухащ. Абыхэм щыщу, дауи, нэхъыбапIэр лажьэ зимыIэ цIыхубзхэмрэ сабийхэмрэщ».

Жасусхэм теухуа псалъэр ди адэжьхэм щIезгъэсрэщIыдыкъыжынуц:

«ЛIы ящэхуагъэу тхэтхэри зэрыгъаблэ нэгуэ,
Былымыжь нэкIухэти ди хэгъэгур ящэ».

Си уэрэд жызыIэм дагъэр кьысщихуащ...

Фэ зыгуэр щIыбгъуну мыбы? Е хэвдзыну?

Адыгэм бий нэсым ныбжьегъу нэсым хуэдэу пщIэ хуищIыр. Дэратэкъэ щIэупщIэр «бгъэныбжьэгъуэмэ, уигъэныбжьэгъуэжьфыну, бгъэбийм, уигъэбийжьфыну лIы дэс мыбы?», - жыпIэу. ЦIыхугъэшхуэрэ лIыгъэрэ яхэлъу, цIыху нэс куэд кьыхэкIащ Урысейм а зэманым.

Зы щапхъэ закъуэ. Тенджжыз ФIыцIэ Iуфэм Iут быдапIэкэм я нэхъыщхьэ генерал-лейтенант Раевскэм дэзм и министр граф Чернышёв 1841 гъэм мазаем и 28-м хуитхащ: «Сэ япэу икIи си закъуэу сыпэщIоувэ дэ Кавказым етщIыIа зауэмрэ абы кьрикIуэхэмрэ. Абы кьыхэкIыу сэ мы щIыгур собгынэ. Дэ Кавказым щыдлэжьын уигу кьеГэкIыж испанхэм Америкэр кьыщазэуа зэманыр. Ауэ сэ мыбы хэслъагъуэркъым лIыгъи, кьэдзэуа и лъэныкъуэкIэ, ехъулIэныгъи».

И блэкIам зэпIэззэрыту хопльэжьыф, тхыдэм дерс кьыхехьыф дэтхэнэ кьэралыгъуэ зэтеубыдами, дэтхэнэ лъэпкъ Iущми. Апхуэдэ Iуэху бгъэдыхьэкIэрауэ кьытщохуу лъэпкъ зэхущытыкIэ тэмэмым и нобэмрэ пщэдеймрэ лъабжьэ хуэщIыпхъэр.

ЗауэкIэ зэпэщIэуваеуэ щыта лъэпкъитIым, зым лей зэримыхьа хуэдэу, щыгъупщэх хъумэ, мыдрейм зыри кьрамыщIа хуэдэу щыгъупщэх зищIмэ, абы тIум я дежкIи пудынигъэ фIэкIа зыри кьишэркъым. Уи щхьэр бгъэпуд зэпыткIи пщIэ къэблэжьыну зигугъэзэри щыуэу кьысфощI. Сэ щэч кьытесхьэркъым зи щхьэ пщIэ хуэзыщIыжым, ар цIыхуи ирехъу, кьэрали ирехъу, адрейр зэригъэпудымкIэ езым и пщIэр кьиIэтыну яужь итыну.

ЦIЫПIЫНЭ Аслъэн,
филологие щIэныгъэхэм я доктор.
2006 гъэ

● ЩэныгъэлIым и псалъэ

Гуауэм и гъунапкъэр

Шэрджэс зауэлI. *Сурэтыр* **Брандард Джозеф** *ищIащ. 1860 гъэ*

АЦКЪАН Руслан

Адэжь щIыналъэ

Адэжь щIыналъэ, хамэщI дыкъэсри -
уи деж гупсысэм нытфIигъэзэжт.
Мы щIыпIэ зэвым зэ хэку щыдгъэщри -
уи зы бэуэгъуэм ди псэр хуэзэщт.

Анэм и Iэфыр быным къыщищIэр
пэIэщIэ хъумэщ абы зэгуэр.
Уэ дыпщIымыгъумэ, хьэлъэщ зы махуэр,
ппэIэщIэу гъащIэр зыхьыр псэкIуэдщ.

Адэжь щIыналъэ, мы щIыпIэ жыжьэм
щыпсэу уи бынхэм я гъащIэр
ещхьщ къумым щыбауэ псы къарууншэм.
Тенджызым хуеIэу ар пшахъуэм ешх.

Сыт хуэдэу щытми, лъэпкъ
кIуэдкъым тыншу,
сытым зихъуэжми, лъым зимыхъуэж.
Мыбы щытлъагъукъым уи бынхэм щыщу
нобэ уи бгъафэр къэзымылъыхъуэж.

Дэ яжьдоIэ абыхэм псоми
нагъэзэжыну хъуэу ди фIэщ.
ИужькIэ куэдрэ, еткъухьу нэпсыр
Iупэ гъущIахэм дэ додзэкъэж.

Адэжь щIыналъэ, ахэм ягу щыщIэр
нобэ уэрыншэу хэт дагуэшын?
Дэ тлъэкIыр арщи, уи бынхэм щыщу
щхьэж и гум ихуэр ныздэтшэжынщ...

КIЭЩТ Мухьэз

Iуащхьэмахуэ и макъ

ЦIыху гужьеяхэр, Хэкур щабгынэм,
«НакIуэ ди гъусэу» - кIыIэзгуоуащ.
ФIыуэ кьалъагъуу кьафIэщIыжами,
Сэ си мыващхьэ кьызэгуэуащ.

Ахэм яужьым иту жэ псыхэр:
«НакIуэ ди гъусэу» - нэпкъым къеуащ.
«Збгынэуи лъахэр, гуауэр степсыхэм?!»,
Абдеж си губжьыр сэ кьысфIиуащ.
ЗэкIэлъхьэужьу зэрехьэх пшэхэм
«НакIуэ ди гъусэу» - лъахъшэ защIащ,
«Сэ сэкIэжьэнухьым!» - схуэмышэчыххэу,
Абыхэм бгъэкIэ сащIэIуищIащ.
Нобэр кьыздэсым, здэкIуэр ямыщIэу,
Пшэхэр зеуалэу уэгум кьинащ.
Псыхэри щатэу, зэм пщIэншэу хъущIэу,
Губгъуэ пхыдзахэм ищхьэрыуащ.
ЦIыхухэми я щхьэр нобэ зэрахьэ,
КьрикIуэжьыну гъуэгу кьалъыхъуэжу.
Сэ си пIэм ситщ, сIэтауэ си щхьэр.
Схъуа си лъахэм срипагэжу.

ГъУБЖОКЪУЭ Лиуан

Шэпсы и Iуфэм

Къуршыпс цIыкIу,
Мэз бжэну лъакъуэ псынщIэ,
Адыгэш мыгъасэм ещхьу Iэл.
Удыхьэшхми угъми кьысхуэмыщIэ,
Хэт кьыпхэзылъхьар апхуэдэ хьэл?

УкъыщIэж кьысфIощIыр анэ бгъафэм,
Уэ анэ быдзышэу сыт бдагъэн?!
Ди адэжьхэм шыр псы щрагъафэм,
Ягу урихьу цIэ къыпфIащагъэнщ.

ПхуащIащ жыгей мэзыр цIэфIэщ джанэ,
Ар адэжь фэеплъщ - зыщщэмыгъэнщI.
ЩигъэсыскIэ жыIбгъэм я кьудамэр,
Ди бзэкIэ Iущащэу сэ кьысфIощI.

Уахуэзэшкъэ адыгэ шууейуэ
Уи псы Iуфэм щепсыхыу щытам,
Е зи щхьэцыр лъэдэкъапэм теуэу
Псыхьэ хэкIуэу уи Iуфэм Iутам?

Ноби, анэм кьыкIэрыхуа шыщIэу,
Ахэм уакIэлъыжэурэ, уощыщ,
Шэпсы цIыкIу, щIэ щIэткъым уэ уигу щыщIэм,
ЩомыгъуэткIэ абыхэм ящыщ.

Зэуэ къуедзри аркъэну толъкъунхэр,
Тенджыз ФIыцIэм укъегъэуныжэм,
Щогъэтыжри шууейхэм лъыжьэныр,
Нэщхьей укъэхуауэ зошIэж.

СОНЭ Абдулчэрим

Къреунэху зы махуэ

Тхыдэ напэкIуэцIхэм ди приплъэжмэ,
УIэгъэжь мыхьужхэр къоятэжыр:
Пащтыхь джатэм Кавказ лъахэм исхэр
Хэутэн щищIари нэгу щIокIыжыр...

Хэкум ираху лъэпкъым и сабийхэр
Губгъуэ нэщIхэм хьэхэм щагъэпхъэт,
Кхъухь зэпэгъэунэфIлхэм итIыстыхьэр
Бдзэжьей Iусу хым зыжьэдилъафэрт.

Удын зэхэдзари къытлъысати,
ХамэщI гущIыIагъи дгъэунэхуакъэ,
Убых вагъуэр мес ужьыхьжакъэ,
Лъэпкъ насыпыр бийм тIэщIиудати.

Удын жагъуэу лъэпкъым лъысыгъахэр
Гъущыжыну дэ долъэIур Тхьэшхуэм,
Шэрджэс лъэпкъыу дунейм текъухьахэм
ЯIуэтэжу къреунэху зы махуэ!

Дунейпсо Адыгэ Хасэр гъуазэу
Iуащхьэмахуэ хуреджэж и бынхэр.
Тхыдэм зэ и гупэр къытхуигъазэу
Тхьэм насып къарит ди щIэблэ хейхэм!

Маржэ, зыкъэужь си лъэпкъ адыгэм,
Маржэ, сыноджэж си къуэш абхъазым,
Щыпудакъыми фэ фи щIыхьыр шыбгым,
ЩIихьумакъым фи цIэр зэман гъуэзым.

Бий щхьэл мывэм дэ дыщIагъэкIами,
Дигу ирадыну ялъэкIакъым.
Псэр дэпсэхуу къреунэху зы махуэ.
Псэр дэпсэхуу къреунэху зы махуэ!

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФIЫЩIЭ Мухьэмэд

ДИ ХЭЩIАПIЭР
360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Ленным и цIэр зезыхьэ уэрам, 5, ебгъуанэ - епщIанэ къатхэр.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ. КъБР, Налшык къ., Ленным и уэрам, 33.

Газетыр 1994 гъэм мэкъуауэгъуэм и 14-м Печатым и хунтынымгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIынальэ Iэхэущ1апIэм №Н-0065-м щIэту ятхащ.
Газетым Iэ щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531
Тираж 4.076
Заказ №635